ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№43 (24.637) ● 2024 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 13, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ●

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэм къызэритамкlэ



## Махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

**КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ зэIущIэ иригъэкIуэкIащ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщl Мусуков Алийрэ муниципалитетхэм я Iэтащхьэхэмрэ къырихьэлIэу. Къулыкъущlэхэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщlа зэрыхъум, къуажэ щlыпlэхэр зэлъыIухыным, губгъуэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым.**

НЭХЪЫЩХЬЭУ зи гугъу ящIар Накъыгъэм и 9-м - ТекIуэныгъэм и махуэм - зыхуэгъэхьэзырынырщ.

Къызэхуэсахэм къызэдащтащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэмрэ фызабэхэмрэ мы гъэм иратыну ахъшэр сом мини 100-м нагъэсыну. Апхуэдэуи, КIуэкIуэ Казбек нэгъабэ къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, тылым щылэжьахэмрэ пIалъэ зэхуэмыдэхэм концлагерхэм, нэгъуэщI гъэрыпIэхэм исахэмрэ сом мин тхурытхукIэ яхуэупсэнущ.

«Унафэ яхуэсщIащ хэкум и хъумакIуэхэм я фэеплъ сынхэмрэ щIыпIэхэмрэ зыхуей хуагъэзэну, дауэдапщхэр екIуу-ещхьу ирагъэкIуэкIыну», - щетх КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

## Щытыкlэр я нэlэ щlэтщ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал санитар дохутыр Пагуэ Жыраслъэн лэжьыгъэ Iуэхукlэ хуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Пагуэм 2023 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм, санитар-эпидемиологие щытыкIэр зыхуэдэм щигъэгъуэзащ унафэщIыр.**

КЪАПЩТЭМЭ, уз зэрыцlалэм иубыдхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъур жиIащ дохутырым икIи гъэм и зэман зэблэкIыгъуэм къэхъей узыфэхэмрэ ар цIыхухэм къемыуэлIэн папщIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэмрэ къызэрызэгъэпэщар жиIащ.

КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ цIыхухэр зэфэ псым, ерыскъыхэм я фIагъыр къызэрапщытэм, курыт еджапIэхэмрэ сабий IыгъыпIэхэмрэ ирашалIэ, щапщэфI шхыным зэпымычу зэрыкIэлъыплъым, нэгъуэщIхэми.

## НэхъыфIипщIым дахохьэ

**Урысейм СтатистикэмкIэ и къэрал управленэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, 2024 гъэм и щIышылэ - мазаем къриубыдэу УФ-м и щIыналъэхэм я промышленнэ индексым и куэдагъымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъыфIхэм яхыхьащ, нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым щыIа бжыгъэхэм ар ирагъэпща нэужь.**

КЪАПЩЫТЭЖ лъэхъэнэм ирихьэлIэу ди республикэм и промышленнэ индексыр проценти 122,3-рэ хъуащ, Урысейм а бжыгъэр ику иту зэрыхъур проценти 106,6-рэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым нэмыщI, нэхъыфIипщIым яхэтщ Брянск областыр - проценти 143, 9-рэ, Курган областыр - 138,8-рэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланиер - 130,8-рэ, Киров областыр - 129,1-рэ, Чувашиер - 126,8-рэ, Калугэ областыр - 124,9-рэ, Саратов областыр - 124,7-рэ, Ульяновск областыр - 124,6-рэ, Марий Элыр - 119,2-рэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**




## ЕхъулIэныгъэ лъагэхэм я щыхьэтт

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм Космонавтикэм и махуэмкIэ ехъуэхъуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

«МЫ махуэшхуэр епхащ цIыхур япэу хьэршым зэрылъэтам. 1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м, игъащIэм къэмыхъуауэ, япэ космонавт Гагарин Юрий Алексей и къуэр дуней псом цIэрыIуэ щыхъуащ.

Япэу хьэршым цIыху зэрылъэтэфар дунейпсо цIыхубэм къехъулIа телъыджэт, абы и фIыгъэкIэ хьэршым епха къэхутэныгъэхэм зауэжьри, щIэныгъэмрэ техникэмрэ гъуэгущIэ теувэну Iэмал ягъуэтащ.

Космонавтикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ урысей, совет щIэныгъэлI, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ и академием и академик, ди хэкуэгъу Энеев Тимур Мыхьэмэт и къуэм. 2023 гъэм абы и цIэр фIащащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэфIэкI къызэрымыкIуэ къызыдалъхуа сабийхэм зыщIагъэкъуэн папщIэ, «ДыгъафIэ къалэм» къыщызэIуаха «Антарес» центрым. Нобэ абы къыщIэкIа сабийхэм Урысейм щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм увыпIэ лъагэхэр къыщахь, сыт и лъэныкъуэкIи пэрыт хъуным хуэпабгъэу.

Космонавтикэм и махуэмкIэ, ехъулIэныгъэ лъагэхэм я махуэмкIэ сынывохъуэхъу, ныбжьэгъу лъапIэхэ!» - дыкъыщоджэ республикэм и УнафэщIым и хъуэхъум.

## Космонавтхэм хаса псейхэр Налшык къыщокI

**Псей щхъуантIэхэм я теплъэ дахэр ирапх уардагъэм, ар ехъулIэныгъэм и нэщэнэуи къалъытэ. Гупсысэкlэ ар уэгум етпхмэ-щэ?! Налшык КъБР-м и Правительствэм и Унэм деж щыIэщ «Космонавтхэм я аллее»-р.**






*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

АБДЕЖ псей щхъуантIэхэр космонавтхэм щыхасащ. Псей къэс и гупэм пхъэбгъу къитщ, ар хэзысамрэ щыхисамрэ теухуа хъыбар тету. Совет космонавт Леонов Алексей ди деж япэу щыхисащ псей щхъуантIэр. Алеем итщ Савиных Виктор, Рукавишников Николай, Климук Пётр, Севастьянов Виталий, Николаев Андриан, Лазуткин Александр сымэ, нэгъуэщIхэми я жыгхэр. Совет космонавтхэм здеблагъэ щIыналъэм псей щыхасэныр хабзэ дахэ яхуэхъуат. Правительствэм и Унэм деж псей щхъуантIэ хэзыса космонавтхэм ящыщу Леонов Алексейрэ Николаев Андрианрэ Налшык щIыхь зиIэ и цIыху хъуахэщ. КъБАССР-м и Лъахэхутэ музейм и фэеплъ тхылъым итщ Леоновым и псалъэхэр: «ПщIэ фхуэзощI, ныбжьэгъухэ, лъэпкъым, лъахэм я тхыдэр фегугъуу зэрызэхуэфхьэсыжым, зэрыфхъумэм, и блэкIамрэ и щыIэкIэмрэ зэрыфлъытэм папщIэ. СССР-м и кхъухьлъатэзехуэ, космонавт Леонов 11.06.1968».

Кхъухьым икIыу хьэрш зэIухам япэу ихьар Леонов Алексейщ. 1965 гъэм гъатхэпэм и 18-м кхъухьлъатэзехуэ Беляев Павел щIыгъуу ар «Восход-2» кхъухьым исуу хьэршым лъэтащ. Леоновыр етIуанэ пилотти, хьэршым и закъуэ ихьащ, кхъухьым метри 5-кIэ пэжыжьэу икIи дакъикъэ 12-кIэ зыщигъэгуващ. Щlым къыщигъэзэжам Леоновым жиIауэ щытащ космонавтикэм и тхыдэм къыхэна псалъэхэр: «Хьэрш зэIухам ущыпсэу, ущылажьэ хъунущ».

Леоновым итхащ хьэршым теухуа щIэныгъэ лэжьыгъэ куэд, иригъэкIуэкIащ абы епха къэхутэныгъэу плIы. «Пешеход космоса», «Солнечный ветер», «Выхожу в космос», «Время первых. Судьба моя - я сам...» абы и тхылъхэм щызэпкърихащ хьэршым теухуа гупсысэхэр.

Николаев Андриан «Восток - 3» кхъухьымкIэ япэу хьэршым итащ 1962 гъэм шыщхьэуIум и 11-15-хэм. Махуищрэ сыхьэт 22-рэ дакъикъэ 22-кIэ зыщиIэжащ. 1963 - 1968 гъэхэм космонавт гупым и командирт. 1968 гъэм Жуковскэм и цIэр зезыхьэ дзэ-уэгу инженер академиер къиухащ. ЕтIуанэу хьэршым итащ 1970 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1 - 19-хэм. Ар «Союз - 9» хьэрш кхъухьым и командирт. ЩIылъэм къагъэзэжа нэужь, космонавтхэм я Iэпкълъэпкъыр абы есэжыным гугъуехьхэр пылъащ. Махуэ 17-рэ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 58-кIэ хьэршым ита космонавтхэм яIа щытыкIэм иужькIэ фIащыжащ «эффект Николаева».

Налшык щыIэ телечэщанэр дыгъуэпшыхь, Космонавтикэм и махуэм, щIэщыгъуэу зэщIэблащ. Абы къытридзащ Урысей Федерацэм и ныпыр, «Мэлыжьыхьым и 12-р космонавтикэм и махуэщ» псалъэхэр, Гагарин Юрий и сурэтыр, щIым телъэтыкI ракетэм и теплъэр.

Махуэшхуэм тещIыхьауэ зэхагъэува плъыфэ зэщIэпщIыпщIэр щагъэлъэгъуащ къэралым и къалэ 30-м щIигъум: Благовещенск, Братск, Брянск, Воронеж, Грознэ, Къэзан, Кострома, Къызыл, Мейкъуапэ, Нэзран, Новгород Ищхъэрэ, Новосибирск, Омск, Оренбург, Пензэ, Пермь, Дон Iус Ростов, Самарэ, Саранск, Саратов, Симферополь, Сочэ, Тамбов, Тверь, Челябинск, Налшык, Черкесск, Улан-Удэ, Якутск, Ярославль, нэгъуэщIхэми.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



# Дзэм ираджэнухэр

***Хъыбарегъащ1э 1энат1эм и лэжьак1уэхэм къыт1ущ1ащ КъБР-м и дзэ комиссар Пахомов Дмитрийрэ зэухыл1энгъэ (контракт) щ1ык1эм тету дзэм дашхэм я дэфтэрхэм щыхэплъэ 1уэхущ1ап1эм и унафэщ1 Дмитриев Виталийрэ.***

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, дзэ къулыкъум пэрагъэувэнухэр мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщIэдзауэ ираджэ. А Iуэхур щызэкIэлъагъэкIуэну Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым къыщызэIуахащ дзэм дэзыш комиссэу 14: пщыкIущыр - районхэм, зыр - республикэм и къалащхьэм.

- Гъатхэ дэшыгъуэм хуэдгъэхьэзырын хуейуэ республикэм къытхуагъэувар цIыху миным нэблагъэщ. МызэкIэ, цIыхуи 100-м щIигъум дзэм зэрыдэтшынумкIэ дэфтэрхэр яIэрыдгъэхьащ. Зи гугъу сщIы цIыху миныр мэлыжьыхьым и 15-м щыщIэдзауэ мэкъуауэгъуэм ику пщIондэ едгъэжьэнущ, - къыхигъэщащ дзэ комиссарым.

Ди республикэм щыщу иджырей дэшыгъуэм хэхуэнухэм я нэхъыбэр здагъэкIуэнур лъэсыдзэр арами, щIалэхэм къахэкIынущ хыдзэм хагъэхьэнухэри. Иужьрейхэм къулыкъу щрахьэкIынущ Балтикэ тенджызым, хы ФIыцIэм, хы Хуэмым. КъинэмыщIауэ, щыIэнущ хьэуа-десант, хьэршыдзэм ираджэнухэри. Армэр хуеинущ Урысейм и ДОСААФ-ми нэгъуэщI абы хуэдэ еджапIэхэми ягъэхьэзыра, С категорие зиIэ машинэзехуэхэми.

Пахомовым зэрыжиIэмкIэ, щIалэхэр щызэхуашэсыну щIыпIэхэм зэрыIуашынур гуфIэгъуэ щытыкIэм тетущ. Дэтхэнэри, емыжьэ щIыкIэ, дзэм зэрыхэтыну щыгъынхэмкIэ яхуэпэнущ, гъуэгу гъуэмылэхэмкIи къызэрагъэпэщынущ.

Дзэм ираджэну къатохуэ зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуахэми колледжхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэр къэзыухахэми. ПIалъэкIэ ирамыджэну хуитыныгъэ яIэщ IэщIагъэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэмрэ университет-институтхэм щIэсхэмрэ.

- Республикэм и дзэ комиссэхэм цIыху мини 6-м щIигъу мы зэманым къетшэлIэну ди мурадщ. Ахэращ цIыху миным нэблагъэр къызыхэтшынури. ДэркIэ нэхъапэр дзэм дгъакIуэхэр узыншагъэ тэмэм яIэу зэрыщытыпхъэрщ. Я узыншагъэр хуэхъумэ - догъакIуэ, хуэмыхьэзырхэр - доутIыпщыж, - игъэбелджылащ Пахомовым.

КъБР-м и дзэ комиссарым зэрыжиIам тетщIыхьмэ, зи дэкIыгъуэу армэм ираджэхэр дзэ Iуэху хэха щекIуэкI щIыпIэхэм яшэнукъым, къэралым къыхагъэхьэжа щIыналъэхэми ирагъэхьэнукъым.

### ЗэухылIэныгъэ езыщIылIэхэр

- УФ-м Зыхъумэжыныгъэмк1э и министерствэм къытхуигъэува къалэнхэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ кIуэну хуейхэм гуп щхьэхуэхэр къахэтхыныр, - къыпещэ и псалъэм Пахомов Дмитрий. – Мы гъэми а щIыкIэм тету дзэм хэдгъэхьэну къытхуагъэувам я бжыгъэр мини 2-м ноблагъэ. Абыхэм ящыщу нобэ ирихьэлIэу дгъэхьэзырахэм я бжыгъэр цIыху 300-м щIегъу. Ахэр зэгурыIуэныгъэм тету дзэм къулыкъу щезыхьэкIынухэм яхэдгъэхьакIэщ.

- Нэгъабэ, иджы хуэдэ зэманым, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэдгъэпэщащ зэухылIэныгъэкIэ дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну хуейхэр здекIуалIэ хъуну хэщIапIэ. Ар сыт хуэдэ зэманми мэлажьэ, - зэIущIэм щIэсахэм абыкIэ хъыбар дигъэщIащ зи гугъу тщIы екIуэлIапIэм и унафэщI Дмитриев Виталий.

ХэщIапIэщIэм и лэжьыгъэр зэтраухуащ, екIуалIэ дэтхэнэми а махуэ дыдэм (лэжьэгъуэ махуэхэми зыгъэпсэхугъуэхэми) зыщIэупщIэ псомкIи чэнджэщ щигъуэтыфын хуэдэу. Iухьэхэм къулыкъу щрахьэкIыну нэхъ зыхуейуэ къагъэлъагъуэр, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къедбжэкIынщи, Ставрополь крайм щыIэ хьэуа-десант дзэм и хэщIапIэрщ, кIэлъыкIуэу Осетие Ищхъэрэ - Аланием и къалащхьэм пэгъунэгъуу щыIэ Тарскэ къуажэ цIыкIум къегъэщIылIа мотострелковэ полкымрэ апхуэдэ дзэ лIэужьыгъуэхэмкIэ Волгоград къыщызэрагъэпэща полкыщIэмрэщ.

Дзэм а щIыкIэм тету зэгурыIуэныгъэ езыщIылIэхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ я хуитыныгъэхэм къахохъуэ. Дзэ Iуэху хэхар здекIуэкI щIыпIэм кIуахэм я мазэ улахуэр сом мин 210-м (сэлэтхэм ират) деж къыщыщIэдзауэ нэхъыби мэхъу. КъинэмыщIауэ, апхуэдэм зэ тыгъуэу къыIэрохьэ УФ-м Зыхъумэжыныгъэмк1э и министерствэм и жэрдэм хэлъу – сом мин 195-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къыбгъэдэкIыу - сом мин 300. Иужьрейр мы гъэм гъатхэпэм и 1-м яубла Iуэхугъуэщ.

Езым и фIэфIыныгъэкIэ дзэм зэгурыIуэныгъэ езыщIылIэм къэралым зыкъызэрыщIигъакъуэм щыщщ «Ветеранхэм яхуэгъэзауэ» зыфIаща федеральнэ хабзэм къызэрыщагъэлъэгъуауэ, Зыхъумэжыныгъэмк1э министерствэм и мылъкукIэ фэтэр зыIэригъэхьэну хуитыныгъэ зэриIэр, езыми и унагъуэм щыщхэми я узыншагъэм щакIэлъыплъ хъуну IуэхущIапIэхэм пщIэ щIамыту зыщрагъэIэзэну Iэмал зэраIэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, зэпеуэ къыхэмыкIыу икIи пщIэншэу, щIэтIысхьэну хуит зэращIыр. Дзэм зэгурыIуэныгъэ ирищIылIэфынущ зи ныбжьыр илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ 60-м фIэмыкIа дэтхэнэми.

Ди республикэм нэгъабэ а щIыкIэм тету дзэм къулыкъу щызыщIэну кIуахэм я бжыгъэр мини 2-м щIегъу. Абыхэм я нэхъыбэр фочауэщ, мыдрейхэр машинэзехуэщ, пщафIэщ, техникэм пыщIахэрщ.

### IэмалыщIэ

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ Урысейм и «ПСБ» ахъшэ хъумапIэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Нэхущ Азэмэт.

- «ПСБ» банкым къызэригъэпэща «СВОи» электрон картэр IэмалыфIщ СССР лъэхъэнэхэм къыщыщIэдзауэ зауэ зэпэщIэувэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэта ди хэкуэгъухэми мы зэманым екIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэтхэми къэралым социальнэ и лъэныкъуэкIэ яхуигъэфащэ хуитыныгъэхэр, къехьэкI-нехьэкI лей хэмыту, тыншу зыIэрагъэхьэнымкIи ахъшэ зэрыхалъхьэ-къызэрыхахыж IуэхухэмкIэ къагъэсэбэпынымкIи. Зи гугъу тщIы электрон картэм къалэн зыбжанэ хуэгъэзэщIэнущ: ар, псом япэрауэ, ахъшэ зэрыхэплъхьэ-къызэрыхэпхыж хъуну къызэрыгуэкI «Iэмэпсымэщ», етIуанэрауэ, ар социальнэ картэщ, ещанэрауэ, абы къыщыгъэлъэгъуащ зыIыгъым «ветеран» цIэр зэрызэрихьэр, - игъэбелджылащ Нэхущ Азэмэт.

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм «СВОи» электрон картэр «ПСБ» ахъшэ хъумапIэм и дэтхэнэ къудамэми къыщраIыхыфынущ. Абы папщIэ яIыгъын хуейр езыхэм я паспортымрэ зауэ зэпэщIэувэныгъэхэр щекIуэкI щIыпIэм зэрыщыIэм щыхьэт техъуэ тхылъымпIэмрэщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн**.

# Терроризмэм пэщIэтынымкIэ операцэм и пIалъэр щхьэщахыжакIэщ

**КъБР-м и Оперативнэ штабым хъыбар къыдегъащIэ, мэлыжьыхьым и 11-м Налшык къыщрахьэжьа Терроризмэм пэщIэтынымкIэ операцэм (КТО) и пIалъэр зэриухамкIэ.**

«ЦIЫХУХЭМ я гъащIэм, узыншагъэм, мылъкум зэран хуэхъун шынагъуэ зэрыщымыIэжым къыхэкIыу, УФ-м и ФСБ-м и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм унафэ къищтащ 2024 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 12-м щегъэжьауэ Налшык къалэ округымрэ Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэмрэ хиубыдэ «Ветеран-1», «Дубки-1», «Дубки-2», «Каскад», «Мисхидж», «Нэмыс», «Насып», «Нивэ-2», «Нивэ-3», «Нур», «ЗыгъэпсэхупIэ», «Iуащхьэмахуэ», «Полянэ», «Сосрыкъуэ» хадэгъэкI зэгухэныгъэхэм яубыд щIыпIэм ехьэлIауэ кърахьэжьауэ щыта Терроризмэм пэщIэтынымкIэ операцэм и пIалъэр ягъэувыIэну».

2006 гъэм гъатхэпэм и 6-м къыдэкIа «Терроризмэм пэщIэтынымкIэ» Къэрал хабзэ №35 ФЗ-м тету, УФ-м и ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм унафэ ищIащ мэлыжьыхьым и 11-м сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 50-м Терроризмэм пэщIэтынымкIэ операцэм и пIалъэр ягъэувыIэу, цIыхубэм паубыдахэр щхьэщахыжыну, - дыкъыщоджэ хъыбарегъащIэ тхыгъэм.

# Хьэпшыпхэр хуашащ

**КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам я пашэу республикэм и дохутыр гуп иджыблагъэ щыIащ Херсон областым и медицинэ IуэхущIапIэ зыбжанэм. IэщIагъэлIхэм зрагъэлъэгъуащ Краснэ, Лазурнэ, Новониколаевкэ къуажэхэм дэт амбулаторэхэмрэ Владимировкэ жылэм дэт ФАП-мрэ. Апхуэдэу ахэр щыIащ Скадовск дэт район сымаджэщым, абы мы гъэм и гъатхэпэ мазэ лъандэрэ ди щIыналъэм щыщ анестезиолог-реаниматолог гуп щолажьэ.**

ГУЛЪЫТЭ нэхъыбэ хуащIащ Михайловкэ къуажэм ди республикэм щригъэухуа амбулаторэм. Скадовск муниципальнэ щIыналъэм и унафэщI Дудкэ Александр и гъусэу тепсэлъыхьахэщ абы щыпсэухэм япэ медико-санитар дэIэпыкъуныгъэхэр зэрыратым, я узыншагъэр къэпщытэнымкIэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэм. Къалэбатэ Рустам къыхигъэщащ IэнатIэр зэпэщу зэтеувэжынымкIэ ди республикэр сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъуэгъу зэрыхъунур, зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр зэрыхуагъэкIуэнур.

Республикэм икIа гупым Херсон областым и медицинэ IуэхущIапIэхэр зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр хуашащ: хущхъуэхэр, медицинэ хьэпшып зэхуэмыдэхэр, ерыскъыхэр, зэфэн псы.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэсрэ ныкъуэрэ хъуауэ дэIэпыкъуэгъу яхуохъу Херсон областым щыщу и нэIэ щIэт щIыналъэхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэхэм, ахэр зыхуэныкъуэ медицинэ IэщIагъэлI зэхуэмыдэхэр яхуигъакIуэурэ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ**.



# Я зэфIэкIым хагъахъуэ

**Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м щекIуэкIащ республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм щылажьэ дохутыр-эндоскопистхэм папщIэ къызэрагъэпэща мастер-класс.**

АХЭР зыпэрыт лэжьыгъэм и пIалъэм нэхъ кууэ хигъэгъуэзащ Санкт-Петербург къэрал университетым епхауэ лажьэ, Пирогов Н.И. и цIэр зезыхьэ, фIагъышхуэ зиIэ медицинэ технологиехэмкIэ клиникэм эндоскопиемкIэ и къудамэм и унафэщI Мальков Владимир. Абы иригъэкIуэкIащ лъатэмрэ кIэтIиймрэ епха узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ операцэу 6.

Апхуэдэ Iуэху щхьэпэр къыщIызэрагъэпэщам и щхьэусыгъуэр лъатэмрэ кIэтIиймрэ лыш узыфэр къеуэлIэнкIэ щыIэ шынагъуэр иджырей эндоскопие Iэмэпсымэхэм я фIыгъэкIэ и чэзум къызэрахутэфыну IэмалыщIэхэр зрагъэщIэнырщ.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Лянэ**.

## Хъыбарегъащ1э

ПщIэ зыхуэтщI абонентхэ. Фигу къыдогъэкIыж УФ-м ПсэупIэмкIэ и кодексым и 154-нэ, 155-нэ, 169-нэ Iыхьэхэм къызэрагъэувымкIэ, унэ зехьапщIэр и чэзум къэфтын зэрыхуейр. УФ-м ПсэупIэмкIэ и кодексым и 156-нэ Iыхьэм и 8.1. унафэм ипкъ иткIэ, фэтэр куэду зэхэт унэхэм щыпсэухэм я фэтэрхэм яубыд щIыпIэм елъытащ а уасэр. ИкIи, фэтэрым цIыхур щыпсэурэ, хьэмэрэ хьэрычэт щищIэрэ, жаIэу ягуэшкъым.

Щхьэж и Iуэху зыIутымрэ къылъыс уасэмрэ къищIэфынущ 8-800-700-64-12; 42-56-29 телефонхэмкIэ фыкъэпсалъэмэ, е regoperator.07@mail.ru пощтым фыкъатхэ, е ди хэщIапIэм фыкъакIуэ: Налшык къалэ, Горький и цIэр зезыхьэ уэрам, 17А.



# Зэгухьэныгъэм зэфIигъэкIар

**КъБР-м и Правительствэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм (КъБР-м и АСМО) и правленэм и зэIущIэ. Абы хэтащ IуэхущIапIэм и гъэзэщIакIуэ унафэщI Маслов Николай, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм политикэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэхэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI Хьэсанэ Аслъэн, а IуэхущIапIэм и чэнджэщэгъу Храмцов Алексей, зэгухьэныгъэм хэтхэр.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтахэр щагъэгъуэзащ ЩIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэм зегъэужьынымкIэ урысейпсо зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм ящыщ Гусевэ Иринэ КъБР-м и АСМО-м хэтхэм зэрызахуигъазэ и тхыгъэм. Абы къыщыхэщащ КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я советым хэтхэр гурэ псэкIэ зэрелэжьар цIыхухэр зэIузэпэщу псэунымрэ къуажэхэм зегъэужьынымрэ икIи дэтхэнэми фIыщIэ зэрыхуищIыр.

«КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и правленэм 2023 гъэм зэфIигъэкIамрэ 2024 гъэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжхэмрэ ятеухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ IуэхущIапIэм и унафэщI Пэнагуэ Максим.

Абы жиIащ блэкIа илъэсым правленэм иригъэкIуэкIа зэIущIэхэм IуэхугъуэI 20-м нэблагъэм зэрыщыхэплъар. Ахэр теухуат щIы Iыхьэхэр бэджэнду щаткIэ, къэрал хабзэм къигъэувхэм щIыпIэ администрацэхэр зэрытетым, цIыхухэм зыкъызэрыхуагъазэхэр зэрызэхагъэкIым, муниципальнэ къулыкъум IэщIагъэлIхэр зэрыхуагъэхьэзырым, Донбассыр яхъумэн папщIэ, УФ-м и Президент Путин Владимир Украинэм дэз Iуэху хэха щекIуэкIыну къызэрыхилъхьар ягъэзэщIэныым хьэлъэу къызэрагъэпэщ IуэхугъуэхэмI, нэгъуэщIхэми.

Къэпсэлъам къыхигъэщащ КъБР-м и АСМО-м щIыналъэм и Iэтащхьэм и Администрацэм политикэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэхэм я IуэхухэмкIэ и управленэр и гъусэу, 2010 гъэ лъандэрэ къызэрыдагъэкIыр «Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ газетыр».

- Мы зэманым ди цIыхухэми муниципальнэ щIыналъэхэми гулъытэшхуэ хуащI Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди щIалэхэм зэрыхуэщIэгъэкъуэным, - къыхигъэщащ Пэнагуэм. - Къапщтэмэ, 2014 гъэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципалитет псоми къыщызэрагъэпэщащ Донбассым къикIын хуей хуэхэр къызэрыдагъэблэгъэнур. Дэтхэнэ къуажэми яIэщ Луганск, Донецк республикэхэм ирагъашэ дэIэпыкъуныгъэхэр щызэхуахьэс щIыпIэхэр, икIи а Iуэхум нобэ пыдощэ. Апхуэдэуи 2023 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м Iэ щIэддзащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм дызэрыдэлэжьэну зэгурыIуэныгъэм. Зэгухьэныгъэм хэтхэр жыджэру долажьэ КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым, абыхэм депутатхэр я гъусэу районхэм зэIущIэхэр щрагъэкIуэкI. КъБР-м щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэхэр республикэм и Правительствэм и гъусэу йолэжь УФ-м и Президентым 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа «2024 гъэ пщIондэ тещIыхьауэ УФ-м зэрызиужьынумрэ лъэпкъ Iуэхухэмрэ ятеухуа къалэнхэр» и Унафэр зэрагъэзэщIэ Iэмалхэм.

Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и район псоми иужьрей зэманым социальнэ IуэхущIапIэу 50-м щIигъу щаухуащ, муниципальнэ гъуэгуу километр 60 зыхуей щыхуагъэзащ, жылагъуэ щыпIэр 100-рэ унэхэм къедзылIа пщIантIэу 200-рэ зэIузэпщ ящIащ. 2023 гъэм къэрал программэ 26-м тещIыхьауэ муниципалитетхэм зегъэужьыным сом мелард 61,4-рэ хухахащ. Пэнагуэ Максим республикэ унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ апхуэдэу жыджэру муниципалитетхэм зэрызыщIагъакъуэм щхьэкIэ.

Абы дыщIигъуащ 2021 гъэм къыщыщIэдзауэ «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэр ЩIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэм зегъэужьынымкIэ урысейпсо зэгухьэныгъэм (ВАРМСУ) зэрыхэтыр.

- 2023 гъэм щэкIуэгъуэм и 13 - 14 махуэхэм ВАРМСУ-м и етхуанэ зэхуэсыр Москва щекIуэкIащ, - пищащ адэкIэ КъБР-м и АСМО-м и правленэм и унафэщIым. - Абы щытепсэлъыхьащ муниципальнэ IэнатIэхэм щIэупщIэ зэрагъуэтынум, щIалэгъуалэр а Iуэхум къешэлIэным. Апхуэдэ IэщIагъэлIхэр ягъэхьэзырын папщIэ, «Муниципальнэ чэнджэщэгъу» Iуэхур къыхалъхьэнущ, лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкIхэм ныбжьыщIэхэр ирагъасэу. ДяпэкIи дыхуэщIэкъунущ «Муниципальнэ IуэхущIэкIэ нэхъыфI» зэхьэзэхуэр зэредгъэкIуэкIынум, абы ипкъ иткIэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэфIхэр дгъэбелджылынущ. Къызэгъэщыну сыхуейт ищхьэкIэ зи гугъу сщIа ЗэхуэсымI «Служение» урысейпсо муниципальнэ саугъэтыр ятыну къызэрыщыхалъхьар. АпхуэдэуиI, фигу къэзгъэкIыжынщи, УФ-м и Президентым и унафэкIэ, «ЩIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр зэрагъэувар. АдэкIи къалэныщIэхэр къытпэщылъщ, муниципалитетхэм зегъэужьыным, районхэм цIыхухэм я псэукIэр щегъэфIэкIуэным епхауэ. Абы щхьэкIэ тхузэфIэкI къэдгъанэ хъунукъым.

ЗэIущIэм къыщащтащ КъБР-м и АСМО-м 2023 гъэм и бюджетыр зэрагъэзэщIам теухуауэ IуэхущIапIэм и ревизэ комиссэм къызэщIикъуэжар. Апхуэдэуи ягъэбелджылащ «ЩIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэм и махуэм» теухуауэ ирагъэкIуэкIыну IуэхугъуэхэрI (мэлыжьыхьым и 18 - 20 махуэхэм ягъэлъэпIэнущ).

ЗэIущIэм къыщызэщIакъуэжащ 2023 - 2024 гъэхэм ирагъэкIуэкIа республикэ зэпеуэхэм текIуэныгъэ къыщызыхьахэр. «Къуажэ нэхъыфI» цIэр къэхьынымкIэ зэхьэзэхуэм пашэ щыхъуащ: Тэрч районым хыхьэ Акъбащ Ипщэ къуажэр (япэ увыпIэр хуагъэфэщащ, сом мини 110-рэ и саугъэту), Шэрэдж районым и Аушыджэр къуажэр (етIуанэ увыпIэ - сом мин 80), Дзэлыкъуэ районым и Къамылыкъуэ жылагъуэр (ещанэ увыпIэ - сом мин 60). Зэхьэзэхуэм и дипломанту къалъытащ Бахъсэн районым и Къубэ-Тэбэ къуажэр.

«Къалэхэм я щIыпIэ администрацэ нэхъыфI» хуащ Дзэлыкъуэ районым и Дзэлыкъуэкъуажэ къалэм и щIыпIэ администрацэр (ахъшэ саугъэту сом мин 50 хуагъэфэщэнущ). Республикэ зэхьэзэхуэхэм щытекIуахэр щагъэлъэпIэнущ «ЩIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэм и махуэм» теухуауэ къызэрагъэпэщыну зэхыхьэхэм.

КъищынэмыщIауэ, зэIущIэм къыщащтащ «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэм и унафэщI бзылъхугъэ нэхъыфI», «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я лэжьыгъэр нэхъыфIу къэзыгъэлъагъуэ хъыбарегъащIэ IэнатIэ», «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я лэжьыгъэр нэхъыфIу къэзыгъэлъагъуэ пресс-IуэхущIапIэ», «2024 гъэм гъатхэпэм и 15 - 17-хэм УФ-м и Президентым и хэхыныгъэхэр щрагъэкIуэкIым IэIэтыр зыхуей хуэзауэ къыщызэрагъэпэща пэш нэхъыфI» республикэ зэхьэзэхуэхэм текIуэныгъэ къыщызыхьахэр щагъэбелджыла дэфтэрхэр.

Апхуэдэуи правленэр арэзы техъуащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъымрэ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и Унафэщым и ФIыщIэ тхылъымрэ, КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь, ФIыщIэ тхылъхэр, Къэрал IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ цIыхубэм Iуэхутхьэбзэ хуэзыщIэхэмрэ я профсоюзым и республикэ комитетым и ЩIыхь тхылъыр, КъБР-м и АСМО-м и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэщэну къагъэлъэгъуахэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# КъэжыхьыпIэхэм къахохъуэ

**Япэ гъатхэ дыгъэпсым щIыгъуу Налшык и лъэс зекIуапIэхэр, паркхэр, уэрамыбгъуэхэр зэуэ яуфэбгъуащ лъакъуэрыгъажэхэмрэ ди нобэрей гъащIэм щIэх дыдэу зыхэзыгъэзэгъа скутерхэмрэ.**

ЭЛЕКТРОСАМОКАТХЭР (скутерхэр) нобэ дэнэ и дежи цIыхухэм къащыпоплъэ: жыг щIагъхэм, автобус къэувыIэпIэхэм, лъэс зекIуапIэхэм, гъуэгубгъухэм. ЛэжьапIэм, еджапIэм къыкIэрыхурэ, кIуэрыкIуэм тету здэкIуэм, япэу зыхуэза скутерым мэшэсри, машинэм и псынщIагъым куэдкIэ къыкIэрымыхуу зыхуейм ешэ. Псом нэхърэ нэхъ тыншыгъуэр ар къыщыпщтам деж щыбгъэувыжыни, здэбгъэувын къэлъыхъуэни зэрыхуэмейрщ - а уздынэса дыдэм деж къэгъани, адэкIэ уи щхьэ Iуэху зехуэ. А гъущIышхэр зыми хуехужьэнукъым, хуэдыгъунукъым, хуэгъэкIуэтэнукъым, ар къызэрепхуэкIыну зэманым пэкIуэ уасэр япэщIыкIэ иумытауэ. Зэгурыlуэныгъэ псори зэрекIуэкIыр спутник зэпыщIэныгъэмкIэщ. Ахъшэр епта? - IункIыбзэр зэрыIуах кодыр уи Iэрылъхьэщ.

- Дауэ щытми, лъакъуэрыгъажэщ, цIыхумкIэ шынагъуэкъым, - жыдоIэ дыпсэлъамэ. Ар апхуэдэу щытыр пэжу пIэрэ?

Гъатхэ махуэ хуабэхэм цIыкIуэр унэм щIэзэгъэжынукъым. ЕджапIэ нэужьым ахэр жы къабзэм хэтын, загъэпсэхун хуейщ. Иужьрей илъэсхэм абыхэм теупIэ нэхъыщхьэу яIэр а зи гугъу тщIа самокатхэрщ. Скутерхэр езыхэр хьэлэщ, абы тесу къэзыжыхьхэр сабийхэм е ныбжь зиIэхэм зэрымыщIэкIэ яжьэхэуэмэ, фэбжь хахынкIэ хъуну. ЩIэух къежьэ дэтхэнэ зы транспорт лIэужьыгъуэми абыхэм я шынагъуэншагъэм хуэгъэпса хабзэхэри къыдащтэ. НобэкIэ скутерхэр лъакъуэрыгъажэхэм ящыщ зыщ. Ахэр транспорт лIэужьыгъуэу къэлъытэным теухуа Iуэхум хоплъэ. ИджыпстукIэ яхуэщIэнурати, абыхэм папщIэ къэжыхьыпIэ щхьэхуэхэр ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэми абы бгъурыт лъэс зекIуапIэхэми щаухуащ.

Мы илъэсми скутерхэм къэжыхьыпIэ щхьэхуэхэр яIэным теухуауэ мы махуэхэм лэжьыгъэ щхьэхуэхэр щокIуэкI къалащхьэм и языныкъуэ щIыпIэхэм. Тхьэмахуэ ипэкIэ Балъкъэр, Хъураным и цIэр зезыхьэ уэрамхэм и ищхъэрабгъу лъэныкъуэм телъ асфальтыр трагъэкъэбзыкIауэ щIэуэ зэрытралъхьэнум хуагъэхьэзыр: гъуэгубгъухэм щагъэувыну бетон къэухьхэр кърашалIэри, ЩоджэнцIыкIум и уэрамым нэсыху ахэр щрагъэтIылъыкIащ, техникэхэм ахэр зыдалъхьэну кIэнауэхэр зы лъэныкъуэкIэ щыдатIыкIри, занщIэу бетонхэр дагъэзагъэ, адрей лъэныкъуэмкIэ гъуэгубгъу лэжьыгъэхэр къыщрахьэлIэ. Балъкъэр уэрамым и лъэс зекIуапIэр скутерхэмкIи къыщыбжьхь хъуну ящIынущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**



## Мы махуэхэм

**Мэлыжьыхьым и 13,**
*щэбэт*

♦**Гъуазджэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэхэм защIэзыгъакъуэм, псапащIэм и махуэр Урысейм щагъэлъапIэ**

♦**1517 гъэм** Каир щаукIащ мамлюкыдзэм и дзэпщ ин **Ал-Ашраф Тумэн-бей**.

♦**1905 гъэм** къалъхуащ адыгэ уэзщIакIуэ, IуэрыIуатэдж **ГъукIэмыхъу Iэбубэчыр**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 19, жэщым градуси 9 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 14,**
*тхьэмахуэ*

♦**1950 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Безрокъуэ Олег**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Тау Ибрэхьим**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 10 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 15,**
*блыщхьэ*

♦**Щэнхабзэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Экологием теухуа щIэныгъэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я радиоэлектроннэ дзэхэм я IэщIагъэлIым и махуэщ**

♦**1395 гъэм** Тамерланрэ Тохъутэмыщрэ я дзэхэр Тэрч и деж зэуащ.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Слъон Лудин**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 19, жэщым градуси 8 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Уи благъэ и унащхьэ плъагъуу ублэмыкI.**

# Интернетым и псыIудзэ

● Джэрпэджэж



***Иджыблагъэ Интернетым щызэIэпахыу щIадзащ США-м и президенту щыта Трамп Дональдрэ Великобританием и премьер-министру лэжьа Джонсон Борисрэ Къэбэрдейм щыщ Дыгъужьокъуэхэ зи къежьапIэ зэшыпхъуитIым къатехъукIыжауэ тхьэ щызыIуэж лIым жиIэхэр икIи ар щIегъэбыдэж профессор Гъут Iэдэм итхауэ абы теухуа тхыгъэ «Адыгэ псалъэ» газетым тетауэ егъэхъыбарри.***

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэмкIэ доктор, профессор, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Гъут Iэдэм Мухьэмэд и къуэр ди республикэми къэралми щыцIэрыIуэ цIыхущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэмкIэ и институтым IуэрыIуатэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ еджагъэшхуэм и къалэмыпэм къыпыкIа тхылъ щхьэхуэхэмрэ щIэныгъэ тхыгъэхэмрэ я бжыгъэр лъытэгъуейщ. Лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм – бзэм, хабзэм, IуэрыIуатэм – я хъумакIуэ нэсым и зэфIэкI, щIэныгъэрэ къарурэ куэду хэлъщ адыгэр дызэрыгушхуэ налкъутналмэсу щыт ди IуэрыIуатэр джыным, дуней псом дыкъызэрыщацIыху «Нарт» эпосыр зэхуэхьэсыным. АнэдэлъхубзэкIэ ди республикэм къыщыдэкI газет закъуэм - «Адыгэ псалъэм» - и ныбжьэгъу пэжу куэд лъандэрэ къогъуэгурыкIуэ ГЪУТ Iэдэм, и тхыгъэ куэди къытохуэ абы и напэкIуэцIхэм. Нобэ ар поджэж Интернетым къыщрахьэкI хъыбару пэжымрэ пцIымрэ щызэхэухуэнам:***

«ЗИ ПЩIЭР лъагэ «Адыгэ псалъэ» редакцэм и лэжьакIуэхэ! Куэдрэ сынызэрымытхэфыр си гум къеуэми, сызыщытхъужынщи, зы къыдэкIыгъуэ закъуи дэзмыгъэхуу газетым къытехуэхэм сыкIэлъоплъыфыр. ИкIи, дэтхэнэ зы щIэджыкIакIуэми хуэдэу, абы гурыхь хъун къытехуэмэ, согуфIэ, си жагъуэ хъун срихьэлIэмэ, сронэщхъей.

Ауэ сэ сымылъагъуу къэнауэ, «Адыгэ псалъэм» тетауэ, сэ си цIэр щIэдзыжауэ жаIэу зы хъыбар нэпцI Интернет губгъуэжьым щызекIуэу сыIууащи, абы газет редакцэри сэри дыпэмыджэжу мыхъуну къызолъытэ. А хъыбарыр зытраIущIыкIар Америкэм и политик цIэрыIуэ Трамп Дональдрэ Британием и премьер-министру зы пIалъэ гуэркIэ тета Джонсон Борисрэщ. Пэжыр жысIэнщи, уи Трампрэ Джонсонрэ я щхьэ зэрыхьщ, а тIум я къуэпсрэ лъапсэрэ къэтIэщIыныр сэ зэи къысфIэIуэхуакъым, абыхэм ятеухуауэ зыгуэр стхын дэнэ къэна. Сэ щызмытхакIэ, си цIэ щIэдзауэ газетми къытехуакъым, дауи.

Интернетыр Iэубыдыпlэншэщ, уи напэм къебгъэзэгъ закъуэмэ, сытри къиплъхьэ хъуну къызыфIэщIхэр куэдщ. Сэ сызыкIэлъыплъахэм ящыщ зыбжанэм ядэслъэгъуамкIэ, «дунейпсо бэджыхъыр» шыгъушхыпIэу къыхэзыха блогерхэм яхэтщ напэми къупщхьэми емыплъыжу зыхуей дыдэр къизылъхьэуэ, абыкIэ я рейтингыр дэзыгъэуеину щыгугъхэр. Мыпхуэдэм деж зи нэм щыпхъуэ телъхэр пылъыххэкъым пэжымрэ пцIымрэ, напэмрэ емыкIумрэ, хабзэмрэ щIэпхъэджагъэмрэ зэпалъытыну. Рейтингым фIэкIа зи щхьэ имылъыжым дежкIэ цIыху хейм лей тегъэхьэныр, хьэмэрэ фIей хьэупIэ еупцIыныр зырикIщ, псом ящхьэу илъытэжыр езым и гуращэхэращи. И Iуэху дэкIыну ищIэмэ, ар, адыгэлIым и щхьэ хуимыгъэфэщэнхэми тегушхуэнущ, утыкум хьэдэ илъми, къимыгъазэу ебэкъуэфынущ.

Пэжыр жысIэнщи, мы Интернетым къраукIа мышухэр къэзыгупсыса блогерыр хьилагъэхэм хуэмыIэзэу пхужыIэнукъым. Iэзэ-мыIэзэми, абы къыгурыIуащ игу илъыр жиIа нэужь цIыхуцIыкIум я фIэщ зыщIын лъакъуэ абы щIэгъэувэжын зэрыхуейр. Хэт и пцIыIуэпцIышэми фIы дыдэу ещIэ и пцIыр къыщIэмыщу тэлаифI имыхьмэ, езыр зэрыхэупIэнур. ШэщIэхум щагъэхъыбару зэхэсхат, хьэмэрэ, уэрамдэт гуэрым къыпысхат, жыпIэкIэ уи псалъэр жыжьэ нэсынукъым. Арти, нэхъ быдагъэ хэлъу илъытэри абдежым «Адыгэ псалъэ» газетымрэ сэрэ дыкъыхихащ. АтIэ, Джонсонрэ Трампрэ къыщыхъуауэ щыпсэу Америкэм, Британием щигъуэтынутэкъэ абы пцIы телъхьэпIэфI хъун хуэдэу уей-уей жезыгъэIэ газет, агентствэшхуэ, хьэмэрэ автор щхьэхуэ? Мелуану, гъунэжу, ари мы дуней псом щыцIэрыIуэхэу! АрщхьэкIэ, тхьэгъэпцIыныр зи нэрыгъ хъуа блогерыр тIэкIу хуэIэсэмэгуми, дэ дыкъыщIыхихам щхьэусыгъуэ иIэщ. И щхьэусыгъуэри дэ нэхъ тегушхуэгъуафIэу дызэрилъытам и закъуэкъым. «Адыгэ псалъэ» газетми абы гуидзэжа сэри ди псалъэмрэ Iуэхущlафэмрэ зэтемыхуэу лъэпкъым и утыку зэи дыкъихутакъым, дыкъэзыцIыху адыгэхэр куэдщ, ди напэр къабзэщ, Интернетым ис зи хабзэхэм ящыщ Iэджэм дежкIэ ди псалъэр фIэщщIыгъуафIэщ. АтIэ, зэрыжаIэщи, шыдыгъум хъушэм хиубыдыкI хабзэр нэхъ шы лъэрызехьэращ, дэ дыщымыпцIыупскIэ, пэжыныгъэм дыщыхуэмыхейкIэ, тегъэщIапIэ дищIмэ, абыкIэ и пцIыр щIэуфа хъуну илъытэжауэ хузогъэфащэ. Апхуэдэу уеплъмэ, ди щхьэр лъагэ дыдэу дигъэлъагъужащи, зэрыжаIэу, пIрегу!

Ауэ ар дифI пылъкъыми, фIейр къыдиупцIынкIэ и дзэр шакъым.

Сэ илъэс щэныкъуэ хъуауэ зы IэнатIэ сыпэрытщ, зызмыгъэпIийуэ, сщIэр сфIэмащIэу, лъэпкъым и нэмысым псэ хьэлэлкIэ сыхуэлажьэу, злэжьыр къыздалъагъужу, щыпкъагъэм сытекIрэ цIей-напей зэи сымыхъуауэ. Пэжщ, а пIалъэ кIыхьым къриубыдэу щIыхь тхылъ гуэрхэри цIэ лъапIэ гуэрхэри къысхуагъэфэщащ, абыхэм сахузэпещэу зэи сымыбэнами. Ауэ си пщIэнтIэпс къабзэкIэ къэзмылэжьа къыскIэрыпщIакъым икIи апхуэдэ сыщIэхъуэпсу утыкуакIуэ сыхъуакъым, си гум илъыр жысIэным си дзэр хуэмышу сопсэу. СлъэкIар мащIэми, си жьыщхьэ си цIэр зы тхьэгъэпцI гуэрым къижьэгъуэшхыу Iурылъыныр къэзлэжьакъым.

Ауэ ар жылэ лажьэкъым, си щхьэзакъуэ Iуэхущ. Дэтхэнэ зы адыгэми ишэч мыхъуныр нэгъуэщIщ: «Адыгэ псалъэ» зи фIэщыгъэцIэр пцIы телъхьэпIэ зэрыхъуращ. Мис ар лъэпкъми къэралми яжьэхэуэ лажьэшхуэщ. Зэрыжьэхэуэр дауэ, жыпIэмэ, лъэныкъуитIкIэ къокIуэ. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъынщи, газетыр Къэбэрдей-Балъкъэр къэралыгъуэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я унейщ, я гъуоущ, ар джэгупIэ пщIы хъунухэм ящыщкъым. Ауэ щыхъукIэ, газетым и нэмысым хуэсакъыныр щхьэзакъуэ Iуэхуу къанэркъым, къэралхъумэ органхэм я пщэрылъщ, ар теIущIыкIыпIэ зыщI дэтхэнэри Конституцэм тету жэуап тыпIэм ирашэлIэн хуейуэ.

НэгъуэщI зыи хэлъщ мыбы. Илъэс зыкъом ипэкIэ «Ленин гъуэгу» газетым и цIэр зэхъуэкIын хуейуэ къыщыувам, чэнджэщэгъу дищIын щхьэкIэ а лъэхъэнэм редактор нэхъыщхьэу щыта Мэзыхьэ Борис зы гуп дызэхуишэсауэ щытащ. Нобэми си щхьэр лъагэу солъагъуж, си фIыщIэу солъытэж а махуэм «Адыгэ псалъэ» фIэщыпхъэу япэ дыдэ къыхэзылъхьахэм ящыщу сыкъызэрыувар. АрщхьэкIэ дэ унафэ къэтщтар ищхьэмкIэ къытхуамыдэу, етIуанэуи къыдэджэжауэ щытащ, ауэ абы щыгъуэми япэм къыхэтхам дахутемыкIыу зридгъанэри, ди жыIэр пхыдгъэкIыфащ. Мис аращ газетым нобэ зэрихьэ цIэм и къежьапIэ хъуар. Ди нэхъыжь лъапIэу ди япэ ища Шэрдэн Iэбу а Iуэхум хыжиIыхьауэ щытар нобэми си гум илъщ: «Адыгэ псалъэ жыпIэмэ, пэжым тет, укъэзымыгъэпцIэжын мыхьэнэ зиIэ къокI, абы лъэпкъым и хабзэ дахэри къыхощри, езы газетри лъапIэ ирохъуж. ФIэщыгъэцIэу абы нэхърэ нэхъыфI дэнэ къиипхын!»

Зэман дэкIащ. Редакцэм и IэнатIэхэр, зэрыжыпIэнщи, гъуэрыгъуэ шэнтщ, жьыр йокIуэт, щIэр къытохьэ. Ауэ, ди гуапэ зэрыхъущи, нобэр къыздэсым ди газетым и цIэм хэлъ и лъапIэныгъэр зэрылъагэу йокIуэкI. Ар фэ фи япэ итахэми, нобэ IэнатIэ гугъум пэрыт фэри фи зэхуэдэ фIыщIэщ. Апхуэмыдатэмэ, езы газетми, ар зыхуэгъэпса адыгэ лъэпкъми пщIэрэ нэмысрэ ягъуэтыжынутэкъым. Сэ схуэдэ гуэрым и цIэр къызэрыхалъхьэр зыгуэру гум дэбгъахуэми, адыгэм и напэм пащI ди лъэпкъ газетыр джэгуалъэ зыщIхэм яхуэбгъэгъу мыхъуну солъытэ.

А блогерым Iэсэмэгу щIыхужысIэм щхьэусыгъуэ иIэщ: ди зэманым зызыузэщIар электрон Iэмалхэм я закъуэкъым, атIэ хейщIэн, хабзэхъумэ IэнатIэхэри ефIэкIуащ. Дыкъахъумэныр зи пщэрылъ къэрал органхэм я дежкIэ гугъущэ хъуну сфIэщIыркъым мыпхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр Интернетым къизылъхьэр икIэщIыпIэкIэ къыщIагъэщу жэуапым ирашэлIэныр. Езы Интернетыр дуней псор зы псыIудзи имыIэу зэпызыщIэ Iэмал гъуэзэджэщ. Ар фIагъышхуэ зыпылъ Iуэхугъуэ куэдкIэ къэбгъэшэрыуэ хъууэ ди лъэхъэнэм и пкъыгъуэщ, къыщрагъэжьахэм щыгъуэ зэрыщыгугъари ардыдэращ. АтIэ, апхуэдэр джэгупIэ, хьэмэрэ пхъэнкIий идзыпIэ пщIыи, ебгъэщIи хъун?!

ЗэрыжысIащи, Интернетыр хузэIухащ гукъыдэж зыщI дэтхэнэми. Ауэ абы псыIудзэу иIэн хуейщ цIыхум и напэр, и щхьэмрэ зыщыщ лъэпкъымрэ ирипэсыжыр. Ахэр зыхэзыщIэ зи бэ лъэпкъым и щIыхьри лъагэщ, ауэ зи къэвэбжэр зымыубыдыжыфым езы дыдэм и щхьэри къызыхэкIа лъэпкъри гъуэгунапщIэ сабэм хеутэж. Щхьэр течауэ жысIэнщи, апхуэдэ псалъэ мышу утыку къизылъхьэхэр адыгэу щытыныр хуэзгъэфащэркъым (ауэ ар бэзэрым тепшэми, зыщэхуу и лъэпкъым хэзыутIыпщхьэни бгъуэтынукъым).

Апхуэдэм деж чэзур къалъос къэрал хабзэмрэ а хабзэм и IуэхущIакIуэхэмрэ. Согугъэ мис абыхэм пцIыр зи нэрыгъ дэтхэнэми хуэфащэ жэуап иргагъэгъуэтыфыну».

# НэщIикIыжым ирихьэлIэу

**Илъэс къэс ди газетым къытыдодзэ НэщIикIыж махуэ лъапIэр ди республикэм и къалэхэмрэ жылагъуэхэмрэ зэрыщекIуэкI щIыкIэр. Лэскэн щIыналъэм щыпсэухэр а махуэм мы гъэм зэрыIущIар и нэкIэ зригъэлъэгъуащ ди газетым щIэх-щIэхыурэ къыхуэтхэ, «ДэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм фи Iэр яхуэфший» псапащIэ зэгухьэныгъэм и унафэщI ХЬЭТУ Астемыр**.



ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и щIыпIэ псоми хуэдэу, лэскэндэсхэми ягъэлъэпIащ НэщIикIыж хьидыр. Абы теухуауэ хъыбар къыдигъэщIащ щIыналъэм и раисIимам Къунаш Заурбий.

НэщIикIыж махуэм, хабзэ зэрыхъуам тету, пщэдджыжьым сыхьэтийм къуажэдэс муслъымэнхэр мэжджытым екIуалIэри, нэмэз лъапIэр ящIащ. Абы иужькIэ жылэдэсхэм ехъуэхъуащ щIыналъэ, къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

ЩIыналъэм къинакъым ерыскъыхэкIхэмрэ IэфIыкIэхэмрэ зэрылъ хъуржынхэр къыщрамыхьэкIа зы къуажэ. Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ нэщIым щикIыж пщыхьэщхьэм къуажэ мэжджытхэм екIуэлIахэр зэрыхагъэщхьэжари.

- Жылэхэм дэс муслъымэнхэм иджыри зэ сохъуэхъу узыншэу, бэIутIэIуншэу, диным къахуигъэув къалэнхэр ягъэзащIэу етIанэгъэ пIалъэм фIыкIэ нэсынхэу. Псом хуэмыдэу сыкъытеувыIэну сыхуейт Iуэхур нэхъ Iэтауэ щекIуэкIа Урыху, Аргудан къуажэхэм. Ахэр нэхъ къыщIыхэзгъэщым и щхьэусыгъуэр абыхэм стадион хуитхэр зэраIэрщ, цIыху куэд щызэхуэпшэс хъууэ. Абыхэм цIыхухэр ирашалIэри, ерыскъы Iэнэ къыщыхуагъэуващ, нэщIикIыжым ирихьэлIэу Iуэху щхьэхуэхэри ирагъэкIуэкIащ. Мы гъэм гу зылъыстаращи, цIыхухэм, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм, шыIэныгъэ куэдкIэ нэхъ яхэлъ, нэхъыжьхэм я псалъэмрэ чэнджэщымрэ щIэдэIу хъуащ. Ар псом ящхьэщ икIи дин щIэныгъэм хащIыкI зэрыхъуам и щыхьэтщ. «Ислъам» псалъэм къикIыр мамырыгъэ жиIэу аращи, мамыру, зыр адрейм дыдэIэпыкъуу, Iиманыр ди гум илъу дыпсэуну Тхьэм жиIэ, - къыхигъэщащ Iимамым.

# Зи лъэпкъ зымыгъэлъапIэм и лъабжьэр махэщ

**Хабзэр, цIыхугъэр, унагъуэ хъугъуэфIыгъуэхэр зи лъабжьэ лъэпкъ зэхущытыкIэр щылъапIэщ Кавказым. Апхуэдэ лъэпкъ зэпыщIэныгъэр лIакъуэ-лIакъуэкIэрэ зэIэпахыурэ щэнхабзэ зыужьыныгъэми сэбэп хуохъу, къыдэкIуэтей щIэблэри нэхъыфIым хуеущий. Ижь-ижьыж лъандэрэ къалъытэу щытащ зи лъэпкъ зымыгъэлъапIэм и лъабжьэр махэ хъууэ. Жыгым и лъабжьэр гъумэ, пыкIэ зэримыIэм хуэдэу, цIыхур лъэпкъыншэмэ, гъащIэ иIэнукъым. Апхуэдэ зэхущытыкIэхэмрэ зэбгъэдэтыкIэхэмрэщ цIыхур псэущхьэм къыщхьэщызыгъэкIыр. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу адыгэхэм я Нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ДАУР Борис къытхуетх Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм щыпсэу Даурхэ я лъэпкъым щыщ нэхъыжьхэм кърахьэжьа Iуэху дахэр зэрекIуэкIар.**




«ДИ ЛЪЭПКЪЫР - ДАУРХЭ - абазэхэ уэркъ лъэпкъщ, я лъапсэр къыщежьар Адыгейрщ, Даурхьэблэ къуажэрщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, жылэм и цIэр къызытекIар а щIыпIэм иса Даур уэркъ унагъуэрщ. ИужькIэ къуажэм и цIэр Хьэкурынэхьэблэу зэрахъуэкIащ. Кавказ зауэжьым лъэпкъыр зэрызэбгрипхъам хуэдэу, Даурхи щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыхутащ. Даур Адыл-Джэрий и къуэшхэм ящыщу тIур Абазэхэм къинащ, тIур Къэбэрдейм Iэпхъуащ. А зэкъуэшитIым язырщ Къэбэрдейм ис Даурхэ къызытехъукIар, адрей Хьэщмахуэ щхьэхуитыныгъэр фIыуэ зылъагъу Къэсеипщым гъусэ хуэхъури, Къэсей Исмэхьил Беслъэнейм щиIэпхъукIым и гъусэу икIащ. Даур унэцIэр Хьэбэз (Къэсейхьэблэ) и тхыдэм къызэрыхэхутам и гугъу пщIымэ, ар зи фIыгъэр Къэсей Исмэхьилщ. Абы и дзэлIхэр зэгуэрым урысхэм ятеуат, а зэхэуэм хэтащ Даур Хьэщмахуи, а лъэхъэнэм къуэш зэрыгъэхъуауи щытащ.

Абы къыхэкIыу, Къэбэрдейм ис Даурхэри ди Iыхьлы дыдэщ, дыкъызытехъукIар зыщ, зы лъэпкъ дамыгъэ, зы хабзэ, зы бзэ тIурылъу апхуэдэщ. Ди тхыдэм и напэкIуэцIхэм къызэрыщыгъэлъэгъуащи, адыгэ лъэпкъыр щIыналъэкIэ зэпэIэщIэ дыхъуащ, ауэ абы емылъытауэ Даурхэ дызэрызэрыщIэр, дызэрызэпхар, си мызакъуэу, псоми гуапэ лей ящохъу. Ар и щхьэусыгъуэу, дэ благъагъэкIэ дызэкIэлъокIуэ, IуэхуфI куэд къызэдыдощтэ, ди щIалэгъуалэр зэрыдогъэцIыху. Абы и лъэныкъуэкIэ, лъэпкъылI нэсу къыщIэкIащ Сэрмакъ щыщ Даур ДжэбрэIил Мухьэмэд и къуэр. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу Даурхэ зригъэуIуащ икIи ятеухуахэр зэхуихьэсыжащ, «Даурхэ я лъэпкъ тхыдэр» тхылъри 2018 гъэм къыдигъэкIауэ щытащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, игу илъа псор къехъулIэну хунэмысу дунейм ехыжащ ди къуэшыр, жэнэтыр увыIэпIэ Тхьэм хуищI.

Къэбгъэлъагъумэ, Даурхэ щопсэу Абхъазым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием. Даурхэ ДжэбрэIилрэ Хъызыррэ я фIыгъэкIэ Даурхэр зэрыгъуэтыжащ, зэпыщIа хъуащ. Нобэ ДжэбрэIил къыщIидза Iуэхум къыпызыщэр Хъызырщ, ар езэш имыIэу толажьэ лъэпкъыр къызэщIэкъуэжыным, зэрыгъэцIыхуным.

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Даур Хъызыррэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыпсэу Даур Дамиррэ драгъэблагъэри, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Даурхэ ди нэхъыжьыфI, илъэс 93-рэ зи ныбжь, Лэжьыгъэм и ветеран Даур Жэхьфар ди пашэу, гъунэгъу хэгъэгухэм дыщыIащ. Япэ дыкъыщыувыIар КъБР-м и Бахъсэн районым хиубыдэ Псыхъурей жылэрщ. Даур Хъызыр 1954 гъэм а къуажэм къыщалъхуащ, кооператив техникумыр къиухри, сатумрэ ерыскъы Iуэхумрэ сытым дежи хэтащ. И IэнатIэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ «Отличник потребительской кооперации» щIыхьыцIэр, апхуэдэуи ди къуэшыр Урысей Федерацэм и потребительскэ кооперацэм и ветеранщ. Хъызыр адрейхэм къащхьэщызыгъэкIыр и гум и къабзагъырщ, цIыхум зэрыхузэIухарщ, хьэл зэпIэзэрыт дахэ зэриIэрщ. Ар жэуаплыныгъэ ин хэлъу лэжьыгъэм зэрыпэрытым, цIыхугъэшхуэ зэрыхэлъым пщIэ къыхуихьащ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. И адэ Даур Сайдинрэ и анэ Уэсрэ тылым и ветеранщ, зауэ нэужь лъэхъэнэм къуажэм мэкъумэш IэнатIэр щызэфIэгъэувэжыным гуащIэшхуэ халъхьащ. ТIуми «За доблестный труд в Великой Отечественной войне» медалыр къыхуагъэфэщащ.

Гуапэу икIи гумащIэу къытпежьащ Хъызыр. Сыхьэт 13-м къуажэ курыт еджапIэм драгъэблагъэри, пщIэшхуэ къыщытхуащIащ. Школым и унафэщI Батыр Ленэ, тхакIуэ, журналист цIэрыIуэ Даур Жэхьфар, КъБКъУ-м и профессор Азиз Исуф, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Даур Борис сымэ хьэщIэхэмрэ еджакIуэ цIыкIухэмрэ яхуэзащ.

Пщыхьэщхьэм хьэщIагъэ къыдахын папщIэ, Хъызыр деж къыщызэхуэсащ Налшык, Сэрмакъ дэс Даурхэр. Мухьэмэд, Исмэхьил, Аскэр сымэ я гъусэу дэ дытепсэлъыхьащ ди лъэпкъ Iуэхум, щыIэ гугъуехьхэм, ахэр зэфIэха зэрыхъунум.

Пщэдджыжьым Къэрэшей-Шэрджэсым икIа дэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ди къуэшхэри гъусэ къытхуэхъури, Осетие Ищхъэрэ - Аланием дежьащ. Ди лъэпкъым щыщхэр нэхъыбэу щыпсэу Беслъэн къалэращ дыкъыщыувыIар. Псом япэ дэ декIуэлIащ зауэм и лIыхъужь Даур Илитэ и сыным деж, абдеж щызэхуэсат Беслъэн къедза Фарн къуажэм дэс Даурхэр. Япэ кхъухьлъатэзехуэ Даур Илитэ и фэеплъ сыныр щагъэувар ар къыщалъхуа Фарн жылэрщ. А фэеплъыр и мылъкукIэ и лъэпкъэгъу бзылъхугъэм хуригъэщIащ Даур Виталий. Ар жэз тонни 2,5-м къыхэщIыкIауэ къуажэкум итщ. Осетием щыпсэу Даурхэ я лъэпкъ нэхъыжь, республикэм и цIыхубэ тхакIуэ, Урысейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Даур Дамир Хъанджэрий и къуэм пэкIур къызэIуихащ икIи ди шыпхъу цIэрыIуэм и гъащIэм и къекIуэкIыкIам къытхутепсэлъыхьащ. ПэкIум къыщыпсэлъащ Фарн къуажэ администрацэм и Iэтащхьэр, Даурхэ Теймураз, Дамир сымэ.

Ди къуэшым къыхигъэщащ IуэхуфIкIэ дызэрызэхуэзар, лъэпкъ зэпыщIэныгъэр гъэбыдэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, фэеплъыр зыхуагъэува ди шыпхъур къэрал псом щапхъэу зэрыщагъэлъагъуэр.

Ди нэхъыжь Жэхьфари Осетием щыпсэу Даурхэ я лъэпкъым фIыщIэ яхуищIащ икIи жиIащ ди шыпхъум хуагъэува фэеплъыр абы и лIыгъэ закъуэм нэмыщIи, Хэкур зыхъума псоми я хахуагъэм и джэлэсу зэрыщытыр. Апхуэдэ псалъэ гуапэхэр жаIащ КъШР-м, КъБР-м икIауэ гупым хэта псоми. Черкесскрэ Москварэ дэс Даурхэ я лIыкIуэ Борис къыхигъэщащ Илитэ и фэеплъ сыныр лъэпкъыр зэрыгушхуэ щIыпIэу зэрыщытым и мызакъуэу, Хэкур зыхъума ди адэжьхэм я фэеплъым хуэтщI пщIэм и дамыгъэу къызэрекIуэкIынур. ПэкIум и кIэухым Даур Жэхьфар и цIэкIэ екIуэкIа литературэ зэпеуэм щытекIуа Даур Викторие саугъэт иритыжащ.

Бысымхэм къагъэува Iэнэм, осетин дэлэнищыр зытелъым, ирагъэблэгъащ хьэщIэхэр икIи гуапэу зэбгъэдэсащ.

ХьэщIэхэр щыIащ Беслъэн къалэм дэт «Город Ангелов» фэеплъ кхъэм. А щIыпIэм сыну 266-рэ зэщхьу итщ, абы щыщу 186-р зыхуагъэувар сабийщ. Псори хэкIуэдащ 2004 гъэм фокIадэм и 3-м...

ЩIэпхъаджащIэхэм яIэщIэкIуэда еджакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр зыщIэлъ кхъэм Даурхэ ейуэ цIыхуих щIэлъщ. Гум зимыщIэжу зыщикъуз щIыпIэм удз гъэгъахэр тралъхьэри, щыму къыдэкIыжащ хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ.

Дамир и унагъуэм щекIуэкIа пщыхьэщхьэшхэмкIэ зэхуэтщIыжащ ди осетин зекIуэр. Абы и щхьэгъусэ ФатIимэрэ ипхъу Заремэрэ хуабжьу дагъэхьэщIащ. ТхакIуэшхуэр щылажьэ пэшыр дигъэлъэгъуащ. ДызэбгъэдэкIыжыну дыхуэмейуэ, дыкъежьэжащ а махуэм икIи дызэгурыIуащ, дяпэкIэ щIалэгъуалэ нэхъыбэ ди гъусэу дызэкIэлъыкIуэну, зэкъуэш щIыналъэхэм Даурхэ щIэх-щIэхыурэ щызэхуэзэну. А махуэм дэ зыхэтщIащ къуэш, благъэ щIыжаIэжым хэлъ гуапагъэр.

Зи гугъу сщIа зекIуэр щIэдзапIэ зыхуэхъуа зэIущIэхэр иджыри йокIуэкI. Иджыблагъэ КъБР-мрэ КъШР-мрэ щыщ Даурхэ я лIыкIуэхэр драгъэблагъэри, дыхэтащ УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и цIыхубэ тхакIуэ Даур Дамир и илъэс 85-р щагъэлъапIэм. Ар ящыщщ осетин литературэм зезыгъэужьахэм, иджырей Осетием и тхакIуэ нэхъ цIэрыIуэхэм. Зэхыхьэм хэтащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, Беслъэн къалэ администрацэм и лIыкIуэхэр, литературэм, гъуазджэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэхэр, Дамир и благъэхэр, Iыхьлыхэр. ЗэIущIэ нэужьым, хьэщIэхэр и унагъуэ иригъэблагъэри, гуапэу зэбгъэдигъэсащ. Ди нэхъыжьыфI Даур Жэхьфар адыгэ пыIэ хуихьащ зи махуэр зыгъэлъапIэм икIи жриIащ ар лIыгъэм, хахуагъэм, Iущыгъэм и нэщэнэу адыгэлIым зэрызэрихьэр. Дамир абы хуэфащэу къызэрыщIэкIынур къыжриIащ и къуэшым. Даур Борис бысымым къыхуеджащ Абхъазым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу Даурхэ я лъэпкъыр нэхъыжьыфIым зэрехъуэхъум. Дамир КъШР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и ЩIыхь тхылъыр, КъШР-м ис Адыгэхэм я нэхъыжьхэм я советым и «ПщIэрэ щIыхьрэ» дамыгъэ нэхъыщхьэр иратащ лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр зэригъэбыдэм папщIэ. Апхуэдэ пщIэ куэд къыхуащIащ а пщыхьэщхьэм Даур Дамир, щIыхь тхылъхэри кърататащ.

КъищынэмыщIауэ, пшыхьым щагъэлъэпIащ КъБР-м щыщ, зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъуа Даур Хъызыр. Абы Осетие Ищхъэрэ - Аланием Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр кърitащ министр Багиев Алан, КъШР-м ис Адыгэхэм я нэхъыжьхэм я советым и «ПщIэрэ щIыхьрэ» дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ ЩIыхь тхылъымрэ хуагъэфэщащ цIыхубэ зэныбжэгъугъэмрэ къыдэкIуэтей щIэблэр гъэсэнымрэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIым папщIэ.

Быдэу ди фIэщ хъуащ, ди нэгуи щIэкIащ зэкъуэш хэгъэгухэм щыпсэу, зы лъабжьэ зиIэ лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэр дунейм мамырыгъэр щыхъумэнымкIэ, къуэш зэхущытыкIэр гъэбыдэнымкIэ зэрыщхьэпэр. Ди гугъэщ ар адрейхэми щапхъэ яхуэхъуну».

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**









# ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжу

**Ди республикэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэдым къыхэкIа цIыхухэр щопсэу. Ахэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу къызэрызэдекIуэкIым и щапхъэ куэд къыпхуэхьынущ. Джэрмэншык къуажэм Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я советым и тхьэмадэ ЛIУП Нурхьэлий зи гугъу къытхуищIыж урыс цIыхубзитIым я натIэ хъуат Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуну, я насыпыр ди хэкум къыщагъуэтыну.**

МУЗУЛЬКОВЭ Анастасиерэ Макаровэ Мариерэ егъэджакIуэу къуажэм щылажьэ къудей мыхъуу, адыгэ щIэблэр хабзэм хуагъасэу, щIэныгъэм, гъэсэныгъэм и лъагъуэ пэжым трагъэувэу къекIуэкIащ. А тIум къатехьэлъакъым хамэ щIыналъэм зэрыщыпсэур, лэжьыгъэ мытыншми къигъэдзыхакъым.

Воронеж областым хыхьэ Варваро-Борки къуажэм къыщалъхуа Анастасие и адэ Музульков Андрей 1935 гъэм, и бынунагъуэр и гъусэу, Налшык къэIэпхъуащ. Быным я нэхъыжь Анастасие абы щыгъуэ курыт школым щеджэрт икIи ар къызэриухыу Налшык дэт пединститутым Физикэмрэ математикэмкIэ къудамэм щIэтIысхьащ. Хэку зауэшхуэм и нэщIэбжьэ псори зи нэгу щIэкIа пщащэм а еджапIэр 1945 гъэм къиуха нэужь, жыджэру хэлэжьыхьащ Налшык къалэр зэгъэпэщыжыным. Жэщ-махуэ имыIэу и къару хилъхьащ абы Налшыкрэ Прохладнэрэ зэпызыщIэ гъущI гъуэгур ухуэным, псэуныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр республикэм щызэфIэгъэкIыным. И лэжьыгъэфIхэм папщIэ Анастасиие къыхуагъэфэщауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и ЩIыхь тхылъыр.

Зауэ нэужь лъэхъэнэм Анастасие есэпымкIэ егъэджакIуэу Аруан къуажэм дэт курыт еджапIэм щылэжьащ. ИлъэситIкIэ абы щыIа нэужь, лэжьыгъэм псэ хьэлэлкIэ зэрыбгъэдэтыр къалъытэри, ар 1947 гъэм Джэрмэншык къуажэм ягъакIуэ еджапIэ унафэщIым и къуэдзэу.

Абы щылажьэурэ Анастасие нэIуасэ хуэхъуащ ХъутIэ Хьэчим. Адыгэ щIалэмрэ урыс хъыджэбзымрэ унагъуэ насыпыфIэ зэдаухуащ, щIалитIрэ зы хъыджэбзри зэдапIащ. ЩIалэ нэхъыжь Валерэ КъБКъУ-р къиухри, инженер-механикыу лэжьащ, «Джэрмэншык» колхозым и тхьэмадэу щытащ, къуажэ администрацэм и унафэщIу лэжьащ, иджы пенсэм тIысыжауэ щысщ, къуажэ Iуэхухэм жыджэру хэту. Я къуэ етIуанэ Виталий щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтат, бынунагъуэ хъарзыни иIэт, ауэ гъащIэм гу щимыхуэу пасэу дунейм ехыжащ. Ольгэ и адэ-анэм я лъагъуэм ирикIуэжащ.

Анастасие 1963-1965 гъэхэм къуажэ курыт еджапIэм и унафэщIу лэжьащ. А зэманым ящIа школыщIэр зыхуей хуэгъэзэным а цIыхубзым хилъхьар къыпхуэмылъытэным хуэдизщ. Иужьрей лъэхъэнэм ар унафэщIым и дэIэпыкъуэгъуу лажьэрт, классщIыб дерсхэм я къызэгъэпэщакIуэт.

ЩIэблэр егъэджэным, гъэсэным и ветеран цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща, зи гъащIэ псор абы тезыухуа урыс бзылъхугъэр 2002 гъэм дуней ехыжащ. Адыгэ нысэу щыта Анастасие сабий куэд щIэныгъэ гъуэгум тригъэуващ икIи хэлъа хабзэ дахэмкIэ цIыхухэм ягу къинэжащ.

Воронеж хыхьэ Пузинэ къуажэм къыщалъхуа Макаровэ Марие къыщыхъуа унагъуэм я гъусэу 1939 гъэм Май къалэм къэIэпхъуат. Налшык педучилищэр 1946 гъэм къэзыуха егъэджакIуэ ныбжьыщIэм Джэрмэншык дэт щIэп заводым щыIэ пэщIэдзэ еджапIэр занщIэу и IэмыщIэ иралъхьащ.

Зауэ нэужь лъэхъэнэм и хьэлъагъыр Марии зыхищIат, гугъут зыпэрыт IэнатIэри. ШколакIуэхэр хуэныкъуэт зэрытхэн, зэреджэн хьэпшыпхэм, къищынэмыщIауэ, езы еджапIэри унэлъащIэкIэ зэпэщтэкъым. ЕджакIуэ цIыкIухэр зыхуей хуэзэн папщIэ, зи ныбжьыр илъэс 19 фIэкIа мыхъу хъыджэбзым сыт хуэдэ лэжьыгъэри зэфIигъэкIырт, заводым и унафэщIхэр здигъэIэпыкъуурэ, я Iуэху зэрыригъэфIэкIуэным хущIэкъурт.

Езыгъаджэр сыт щыгъуи еджэн зэрыхуейр зыхищIэрти, зэрылажьэм хуэдэурэ, Марие КъБКъУ-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къиухыжащ. ИкIи и IэмыщIэ илъ еджапIэр республикэм щынэхъыфI дыдэхэм хабжэу зэман куэдкIэ къекIуэкIащ.

Джэрмэншык дэт курыт еджапIэмрэ пэщIэдзэ школымрэ зэхагъэхьэжа нэужь, Марие пенсэм кIуэху унафэщIым и дэIэпыкъуэгъуу лэжьащ. А зэманым къриубыдэу къыхуагъэфэща ЩIыхь тхылъхэр я щыхьэтщ Марие и лэжьыгъэр гулъытэншэу къызэрымынам. Ар дунейм ехыжащ 2007 гъэм.

Урысей къалэхэм къыщалъхуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуа, щылэжьа бзылъхугъитIым я гъащIэр лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и щапхъэ нэсщ.

**ШЫПШ Даянэ.**

# Япэ удз къэхыгъуэ

***Мэлыжьыхьым и зэхуэдитIым нэмыса пэтми, ди къалащхьэм и щIыпIэ щхьэхуэхэм удз щхъуантIэр щIадзауэ къыщах. Гъатхэ уэшх хуабэхэм пасэу къыдэщхьэлъа удзыпэм зэуэ зричащ. Зыхуеину Iэмэпсымэхэмрэ техникэхэмкIэ къызэгъэпэща коммунальнэ лэжьакIуэхэр иджыпсту щолажьэ къалапщэм хуэзэ, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ уэрам нэхъыщхьэм. Нышэдибэ жьыуэ мехбригадэ зэщIэгъэуIуам япэ лэжьыгъэхэр щиублащ Абхъазым и утым ихъуреягъкIэ къекIуэкI лъэс лъагъуэщIэм икIи сыхьэт зытIум къахыну хунэсащ уэрамыбгъухэр.***

ДЫЗЭПСЭЛЪА лэжьакIуэхэм къызэрыджаIамкIэ, мы тхьэмахуэр икIыху япэ къэхыгъуэр зэфIагъэкIынущ. Псом хуэмыдэу абыхэм я нэIэ тетщ фэтэр куэду зэхэт унэхэм я шындэбзий лъэныкъуэхэм. Апхуэдэ дыгъэмыхъуэ щIыпIэхэр удзым нэхъ зэрызэщIищтэм гугъу ирегъэхь. КъищынэмыщIауэ, Iэмэпсымэхэм удзыр тыншу къащыхуэмыщтэ щIыпIэ быркъуэшыркъуэхэм уарохьэлIэ, зэман лей трагъэкIуэдэн хуейуэ.

Япэ къэхыгъуэм щIепIэщIэкIыр мэлыжьыхьым икIэхэм ирихьэлIэу а удз кIырхэр мэлхьэпIатIэхэм тIысыпIэ ящIынкIэ зэрыхъунурщ. Апхуэдэщ цIыху куэдым яхуэлъэ губгъуэ жыхапхъэ ежьужьри. Иджыпсту щыщIэдзауэ ямыгъэкIуэдмэ, ахэр щызэщIэгъагъэ шыщхьэуIум упэлъэщыжынукъым.

Мэлыжьыхьым икухэм ирихьэлIэу хэным щыпащэнущ Хъураным и цIэр зезыхьэ уэрамым хуэзэ скверым. ГъэкIэ а лъэс зекIуапIэм йолэжьыхь удзыр къэзых икIи зэщIэзыкъуэж техникэщIэр.

- Япэу къыхэжа удзыр къэпхыну гъугъукъым, цIынэ дыдэу зэрыщытым къыхэкIыу. ИтIанэ, удзыпэхэр сабэм зэщIищтэну хунэсакъыми, ди пэхэр Iутпхэн хуей хъуркъым, аллергие абы хузиIэ къытхэмыкIмэ, - жаIащ абыхэм.

Коммунальнэ хозяйствэм и лэжьакIуэхэм удзыр къах къудей мыхъуу, уэрам нэхъыщхьэм и IуфитIым Iут жыгхэм я лъабжьэхэр щIагъэкъэбзыкI. Мы зэманым абыхэм зыхуей хуагъэзащ Правительствэм и унэм къыщыщIэдзауэ ипщэкIи, ищхъэрэкIи тет псей жыгышхуэхэр. А жыгхэр цIыхухэм нэхъыфI дыдэу ялъагъухэм ящыщщ: илъэсыщIэм ягъэщIэращIэ, гъэ псом щхъуантIэщ, хьэуар егъэкъабзэ. Псори къэгъэнауэ, теплъэ дахащэ яIэщ ди псей щхъуантIэрыпсхэми удзыфэхэми. Ауэ куэдыр щыгъуазэкъым псейхэр, пихтэхэр, туехэр щIэх-щIэхыурэ гъэкъэбзэн хуей зэрыхъум. Абыхэм я тхьэмпэ-мастэхэр Iувыбзэу зэхэтщ, уэшхым я нэхъ инри зэрыпхрыкIыф щымыIэу. Аращи хьэпщхупщхэм тIысыпIэ ящI, жьым кърихьэкI сыт хуэдэ пхъэнкIийхэри къудамэ Iувхэм зэрынэсу, банэм хуэдэ къабзэу яубыдри, къыхонэ. КъищынэмыщIауэ, и къудамэхэр щIым телъу къокIых, хьэ хьэулейхэм я тIысыпIэу. Абы къыхэкIыу лъахъшэу тет къудамэхэр трагъэкъэбзыкI, жыг лъабжьэхэм ущызэкIэщIэплъу.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**



# ЗэщIыгъуу ирагъэкIуэкIащ

**Урысей гвардиемрэ МЧС-мрэ я управленэу КъБР-м щыIэхэм я лэжьакIуэхэм зэщIыгъуу ирагъэкIуэкIащ мафIэс-тактикэ зыгъэсэныгъэхэр.**

МАФIЭСЫР къыщыхъуа хуэдэт Урысей гвардием и щIыналъэ управленэм и административнэ унэм и ещанэ къатым. ЩIыпIэм къэкIуа мафIэсгъэункIыфIхэр зыIэзыбжьэу яужь ихьащ цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIыным, адэкIэ мафIэр гъэункIыфIыным зратащ. Зыгъэсэныгъэхэр щекIуэкIым росгвардейцхэмрэ МЧС-м и лэжьакIуэхэмрэ зэщIыгъуу зэтраублащ къызэрымыкIуэ щытыкIэм щылэжьыпхъэм. ПсынщIэу къагъэсэбэпа Iэмалхэм я фIыгъэкIэ къэхъуа хуэдэ мафIэсыр ягъэкIуэдыжащ.

Урысей гвардием и щIыналъэ управленэм мафIэс шынагъуэншагъэмкIэ и инспекцэм и унафэщI Ульбашев Расул зэпэщу къилъытащ я IэнатIэмрэ мафIэсым пэщIэт къулыкъумрэ я лэжьакIуэхэм зыкъызэрагъэлъэгъуар.

Мыпхуэдэ зыгъэсэныгъэхэм Iэмал къет мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр, ирегъэфакIуэ къэлыдахэр гъэкIуэдыжыныр фIагъ пылъу зэфIэхынымрэ япэ игъэщыпхъэ аварие-къегъэлыныгъэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIынымкIэ я зэфIэкIыр егъэфIэкIуэнымкIэ, - къыхигъэщащ дызэпсэлъа офицерым.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**






Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ

● Тхыгъэ кІэщІхэр

### Акъылыр лей хъуркъым

ТхьэкІумэкІыхь гуэрым акъылышхуэ иІэу зэхахати, еупщІахэщ, сыт апхуэдиз акъылыр зэрыпщІынур? – жаІэри.

- Зэзэмызэ сІэщІэкІ щыуагъэхэмрэ делагъэхэмрэ ирищІэсхъумэну аращ, - жиІащ тхьэкІумэкІыхьым.

### Бажэм и жэуапыр

Къуажэмкlэ джэд къизых бажэм шылъэгур хуэзати, жреІэ:

- Уэ, бажэ, убзаджэщ, угубзыгъэщ, уи Іуэхур сыт щыгъуи дыбогъэкІыф. Урысми жаІащи, джанэ пщыгъыу укъалъхуа хуэдэщ.

Шылъэгум жиІэм едаІуэщ, джэдыр игъэтІылъри, бажэм жиІащ:

- Пэжщ, сэ сынасыпыншэ хуэдэкъым, джанэ сщыгъыу сыкъалъхуагъэнщ, ауэ ар сщаудыну сыт хуэдиз къэзэщэрэ сэ, шылъэгу цІыкІу?!

### Бабыщ жыІэзыфІэщ

Псы Іуфэм Іус бабыщыр бажэм къиубыдри ирихьэжьати, «Дэнэ сыздэпхьыр? – жиІэри еупщІащ. – Уи дзэхэр къысхэбукІащи, си лыр уогъэуз».

- Умыгузавэ, бабыщ цІыкІу, жыжьэ усхьынукъым, модэ мо чыцэм дызэрыхыхьэу, узутІыпщыжынущ, - жиІащ бажэм. – Си дзэхэр къыпхэсхыжынщи утыншыжынщ.

- А чыцэм псыпцІэ иІэу пІэрэ сыхэсыну? – щІэупщІащ бабыщыр.

- ИІэщи, абы ухэзгъэсыну, бдзэжьей уезгъэщэну аракъэ ущІэсхьыр, дахэ цІыкІу.

- Хъунщ-тІэ, абы щыгъуэ нажэ нэхъ псынщІэу.

Бажэр чыцэм нэсри, бабыщыр фІиудащ.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**.

● ЖыІэгъуэхэр

## Зи вагъуэ ижри дыгъэм щогугъ

- **Зыр лъагапІэм докІ, адрейр драхьей.**
- **Зыри зэмылъэІур езыр лъэІуакІуэщ.**
- **Зытеджалэр зи былымыр Іэхъуэу къыумыщтэ.**
- **Зыпэлъэщынур щызытрагъакІуэ щыІэщ.**
- **Зыплъыхьи псалъэ, гупсыси тІыс.**
- **Зыплъыхьи ущыуэнкъым, щІэупщІи угъуэщэнкъым.**
- **ЗыщІэн зымыщІэжым нысэ къамышар еуб.**
- **Зи бзэ ІэфІми и псалъэ хуэсакъыпхъэщ.**
- **Зи бзэ быди и бзэгупэр машхэ.**
- **Зи вагъуэ ижри дыгъэм щогугъ.**
- **Зи гупкІэ исыр дэгути, и уэрэдым дежьукІэ мыхьэнэ иІэтэкъым.**
- **Зи дахэр мыжэм и Іейр жэрщ.**
- **Зи жып имылъ и щхьэ урилъыткІэ къулей ухъуркъым.**

**КІЭРЭФ Хьэсэнбий.**

## Тебэкlэ гъэжьа мэлыл гъэгъуа

● Шхыныгъуэхэр

Мэлыл гъэгъуар г 50 - 60 хъу Іыхьэурэ зэпаупщІ, къупщхьэ хэлъмэ, зэпауд, псы хуабэкІэ ятхьэщІ, тебэм иралъхьэри, щІигъанэу псы щІыІэ щІакІэ. Зэ къызэрытекъуалъэу, шыгъур щІихын щхьэкІэ, ар щІагъэж, псывэ щІакІэ, мафІэр цІыкІуу ешэхауэ, тебащхьэр тепІауэ дакъикъэ 40 - 45-кІэ трагъэт, псыр щІэвэщІэху. Псыр щІэвэщІа нэужь, дагъэр къыщІедзри, лыр тхъуэплъ хъуху дакъикъи 6 - 7-кІэ ягъажьэ, зэІащІэурэ. Абы иужькІэ бжьын упщІэта, шыбжий сыр хьэжа халъхьэри, зэІащІэурэ дакъикъи 2 - 3-кІэ трагъэт, бжьыныр жьэху.

Лы жьам псы щІыІэ щІакІэри, тебащхьэр трапІэж, мафІэр ину зы дакъикъэкІэ, иужькІэ цІыкІу ящІыжри, аргуэру зы дакъикъэкІэ трагъэт. Апхуэдэу пщІымэ, лым мэ дахэ къыхех, ІэфІ, и фэр дахэ мэхъу.



Іэнэм щытрагъэувэкІэ тепщэчым иралъхьэ, бжьын гъэлыбжьари, шыпс хуэдэу щІэтри тракІэж. ПІастэ хуабэ и гъусэу пщтыру яшх.

***Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):*** лы гъэгъуауэ - г 400, псывэ етІуанэу щІакІэр - г 720-рэ, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100, псы щІыІэу - г 100, шыбжий сыр хьэжауэ - гум пІэпихым хуэдиз.

● Псэущхьэхэм я дуней

### Губгъуэш

Губгъуэшым языныкъуэ шы лъэпкъхэр къытекІащ. Ар куэду щыІэу щыташ ди къэралым къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ, апхуэдэу Европэм хыхьэ къэрал зыбжанэм я губгъуэхэми щыпсэурт. 19-нэ лІэщІыгъуэм и 70 гъэхэм а псэущхьэр кІуэдыжыпащ: ахэр унагъуэш табынхэм хъупІэхэм къыщыІуагъэкІуэтырт, цІыхухэми щымысхьу зэтраукІэрт.



Губгъуэшым и сокур фІыцІэт, зэфІэтт, езым и лъагагъыр сантиметри 116-136-рэ хъурт, и пкъыр хэщІыхьат.

### Джей

Мыр щыпсэур хышхуэхэрщ. Джейр абрагъуэщ: метр 33-м нэс зи кІыхьагъ, тонни 150-м нэблагъэ къэзышэч яхэтщ. Ар пыл 50-м я хьэлъагъым хуэдиз мэхъу! Джей лІэужьыгъуэу 86-рэ щыІэщ. Абы и псэупІэр псырами, я щІэжьейхэр шэкІэ япІ. Ахэр ижь-ижьыж зэманым щІым щыпсэууэ щыташ.



● ГушыІэ

## Ялъагъужакъым

Зэи фоч зымыгъэуа Машэ фочыншэ Мышэ гъусэ ищІри, щакІуэ кІуат. Уэршэру къакІухьурэ, хуей зэгъуэкІ гуэрым зэрихьэу къыздикІари къыздихуари ямыщІэу я пащхьэм тхьэкІумэкІыхь ин гуэр къихутащ.

Мышэ ар зэрилъагъуу гуфІащ:

- ЩІэхыу еуэ, Машэ, дехъулІащ. И фэр тщэнщи, и лыр тшхынщ.

Машэ еуэн идакъым:

- Сыт жыпІэр? Фочыр уэнрэ мыуэнрэ умыщІэу занщІэу уеуэ хъурэ?

- АтІэ дауэ хъуну?

- Дауэ хъун?.. Фочыр дэзгъэуеинщи, уэмэ итІанэ сеуэнщ.

- Сыту фІыуэ къэбгупсыса ар. ЩІэхыу дэгъэуей!

Машэ фочыр дригъэуеящ, ауэ зэныбжьэгъуитІым яуфІыцІа я нэр къыщагъэплъэжым я пащхьэм ита тхьэкІумэкІыхьыр ялъагъужакъым.

**БЕКЪУЛ Барэсбий**.

● Теплъэгъуэ

## Гукъинэж

Нанэм и хьэсэ цІыкІур сигу къэкІыжащ. Бжьыныхур уфафэу, бжьыныр зэкІэрыблауэ, шыбжий сырыр зэхэухуэнауэ гуэщ блыным екІуэкІыу фІидзэжырт. Къэб джабэплъхэр сатыру игъэтІылъырт.

Джэдгыныр игъэгъурт, ихьэжырти, чэтэн хъуржын цІыкІухэмкІэ бгыкъум кІэрищІэрт. Сырэм и щхьэм екІуэкІыу удз лІэужьыгъуэу игъэгъущхэр телът. Ташынпхъафэмрэ къармэфиблымрэ и Іэнэм текІыртэкъым.

Аращ гъащІэр, уи цІыкІущхьэм анэмрэ анэшхуэмрэ я шхын ІэфІыр пшхыуэ уащыбгъэдэсырщ. Ноби къысщІехьэ нанэ и хадэхэкІхэм я мэр, джэдгынэр бэуэ зыхэлъ и кІэртІоф дэлэным и хъурымэр, къэб гъэва ІупщІэ плІимэхэмрэ шэ щІэгъэпщтыхьамрэ я ІэфІагъыр си Іум итщ.

Гукъинэж нэхухэм дыхуеплъэкІыжурэ допсэу. Арауэ къыщІэкІынщ щІыжаІэр: щІалэм и гупэр къэкІуэнумкІэ гъэзамэ, зи ныбжь нэсам и гупэр и щІыбагъымкІэ щыІэщ.

**БАГЪ Марьям**.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу:*** **5**. ... бэнэнкІэ зигъэнщІыркъым. **6**. «Псэ нэхъ ІэфІщ, ... нэхъ дахэщ, гу нэхъ жэрщ», - жаІэ. **7**. Гъатхэ ... гъуанэщ. **8**. Зи мырамысэ зыхуэмыщІыжыр ... жэмыкуащІэ макІуэ. **10**. ... зимыІэ щыІэкъым. **12**. ЦІыхум я фэр зэрызэхуэмыдэм ..., ягури зэхуэдэкъым. **15**. ... удыныхьщ. **17**. ... цІыкІу бжьакъуэшхуэ. **18**. ... здэщымыІэм насыпи щыІэкъым. **19**. Я нэхъыкІэм гухъу ... щІеуд.

***Къехыу:*** **1**. Фыз ... хьэщІэмыгъашхэщ. **2**. ... и щхьэр зэрыкІым ипкъри йокІ. **3**. Гъатхэ ... кІагъуэпскІэ уегъэпскІри, бжьыхьэ ... тхъупс къыптрекІэ. **4**. Фочыр уамэ, ... щыІэжкъым. **9**. Акъылым уасэ иІэкъым, гъэсэныгъэм ... иІэкъым. **11**. Адыгэ хабзэр ... щІэиныжьщ. **13**. Бгъэр куэдрэ уэмэ, и ... мэкъутэ. **14**. Гупыр зыгъэгупыр гуп и .... **15**. ... и пэри и кІэри хъуэхъущ. **16**. ПащІэр инми, ... щІиуфэркъым.



*Зэхэзылъхьар*
**Бицу Жаннэщ**.

***Мэлыжьыхьым и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **3**. Ущ. **5**. Уэкъулэ. **7**. Бу. 8. Блашэ. 9. ПщІащэ. **11**.Уэ. **12**. ЛантІэ. **13**. Іуэ.

***Къехыу:*** **1**. Джугашвили. **2**. ЩІэупщІакІуэр. **4**. Щхьэлыкъуэ. **6**. Къуий. **7**. БжэщхьэІу. **10**. Къан.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр



# Куэд къэзымыгъащIэу куэд зылэжьа

**Налшык дэт Лъэпкъ музеймрэ Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музеймрэ къыщызэIуахащ сурэтыщI цIэрыIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и сурэтыщI Аккизов Екъуб и IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Ар траухуащ IэщIагъэлIыр къызэралъхурэ илъэс 80 зэрырикъуам.**

ФЭЕПЛЪ пшыхьым зи псалъэ щыжызыIэну хуейхэр, Екъуб и ныбжьэгъуу, и цIыхугъэу щытахэр щызэхуэсат Лъэпкъ музейм и пэшым. И гуащIэм фIыуэ щыгъуазэхэр зэрымымащIэм и щыхьэтт мы Iуэхум зыкърезыгъэхьэлIахэм я бжыгъэр. ЯщIэрт абыхэм ди щIыналъэм и щIыуэпс къулейр, щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэр, хабзэр, цIыхухэм я дахагъэр, нэгъуэщI Iэджи зи лэжьыгъэхэмкIэ къэзыгъэлъэгъуа Аккизовым куэд зэрыхузэфIэкIар. Блынхэм фIэлъ сурэтхэр и лэжьыгъэхэм я Iыхьэ мащIэу зэрыщытыр къэплъытэмэ, Екъуб и гъащIэ мащIэр лъэпкъымрэ цIыхубэмрэ яхуэлэжьэным щхьэузыхь зэрыхуищIар хьэкъ пщохъу.

Налшыкдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ я пащхьэ музеитIым къыщрахьа IэдакъэщIэкIхэр зэзыгъэлъагъуну хуейхэм апхуэдэ Iэмал яIэщ зы мазэ пIалъэкIэ. КъищынэмыщIауэ, Iуэхум хэтщ Аккизов Екъуб теухуа альбом дахэм и «лъэтеувэ». Тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ, сурэт телъыджэхэмкIэ гъэбея къыдэкIыгъуэр тхылъымпIэфI дыдэкIэ тедзащ, езыр щхъуэкIэплъыкIэ дахэщи удехьэх.

IуэхущIапIэм и унафэщI Накуэ Феликс къызэхуэсахэм фIэхъус ярихри, гъэлъэгъуэныгъэр къызэIуихын папщIэ япэ псалъэр иритащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

- Куэд щIауэ дгъэхьэзыр, Iэджэ щIауэ дызыпэплъэ Iуэхущ мы зэIущIэр. Дыхуейт щIэщыгъуэ хъунуи, ар къыдэхъулIауэ къызолъытэ, - жиIащ министрым. - Нобэ флъагъу IэдакъэщIэкIхэм яхэтщ зэи утыку кърамыхьахэр, ахэр гунэс зэрыфщыхъунум шэч къытесхьэркъым. Аккизов Екъуб ябгъэдэбгъэувэ хъунущ КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ, сыту жыпIэмэ ар классикщ, гъуазджэм зыми емыщхь хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

КъыкIэлъыкIуэу къэпсэлъапIэр хуит хуащIащ КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Зумакулов Борис. Абы къыхигъэщащ Аккизовыр балъкъэрхэм япэу къахэкIа профессиональнэ сурэтыщIу зэрыщытыр, и лъэпкъым и тхыдэм, щIыналъэм и дахагъэм гимн пэлъытэ хуэхъуа сурэтхэр зэрищIар.

- Сэ си къулыкъум къысхуигъэув къалэнукъым мыбы сыкъызэрыкIуар, атIэ илъэс куэдкIэ зыцIыхуауэщ, и ныбжьэгъужьу дэгъуэгурыкIуауэщ. Куэдрэ дызэхуэзащ, Iэджэрэ дызэпсэлъылIащ, дунейм ехыжыхуи дызэрыгъэпэжащ. ЦIыху нэст, цIыхуфIт, гу пцIанэт, убгъэдэсыну уасэ иIэтэкъым, - жиIащ Борис. - Дригушхуэрт апхуэдэ IэщIагъэлI телъыджэм дызэрыщIыгъум, а зэманым нэсу зыхэдмыщIэми. СурэтыщI гъуазджэм и тхыдэм ар къыхэнэнущ шэч хэмылъу. Абы и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэшхуэ ещIэ Екъуб и ныбжьэгъуу щыта сурэтыщI цIэрыIуэ Пащты Герман. Сэ си нэгу щIэкIащ щIыпIэ куэдым зи гуащIэр къыщащIэ Аккизовым и цIэр Герман щылажьэ Красноярск зэрыщигъэлъапIэр. МыдэкIэ Екъуб и щхьэгъусэ Сиярэрэ ипхъу Имарэрэ абы и лэжьыгъэм пащэри, узыншагъэрэ гукъыдэжрэ яIэу куэдрэ иужьым итыну си гуапэщ.

Гъэлъэгъуэныгъэм кърит гукъыдэжым, гупсысэм тегъэщIауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ. Апхуэдэуи ар къеджащ Урысейм и цIыхубэ сурэтыщI, ди къэралым и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Ковальчук Андрей Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм фIыщIэ къызэрыхуищI тхыгъэм. Аккизовым и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ нэхъ зыубгъуауэ къытеувыIащ Шэджэм районым и щIыпIэ самоуправленэм и советым и тхьэмадэ Уэдыхь Хьэсанш, сурэтыщI Сурхайхайнов Ибрэхьим, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Моттаевэ Светланэ сымэ. Екъуб график телъыджэти, и IэдакъэщIэкI сурэтышхуэхэм къадэкIуэу, тхылъ куэд и лэжьыгъэхэмкIэ игъэщIэрэщIащ. «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм щылэжьа Моттаевэм и куэдт Аккизовым хэлъа цIыхугъэм, ар гумызагъэу тхылъхэм зэрелэжьам теухуа гукъэкIыжхэр.

Аккизовэ Имарэ псалъэ щратым, фэеплъ зэIущIэм зыкърезыгъэхьэлIа псоми фIыщIэ ин яхуищIащ, и адэр гуапэу зигу къэзыгъэкIыж дэтхэнэми ехъуэхъуащ. Щхьэхуэу фIыщIэ яхуищIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, абы и къуэдзэ Карчаевэ Iэминэ, псалъэкIи IуэхукIи зэпымыууэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъу Пащты Герман, Екъуб и шыпхъу Чипчиковэ Мадинэ (ди жагъуэ зэрыхъунщи, дунейм ехыжащ).

- Нобэ флъагъу гъэлъэгъуэныгъэр илъэситIкIэ дгъэхьэзыращ, - жиIащ Имарэ. - Мис а зэманым къриубыдэу хузэфIэкI псори Iуэхум хилэжьыхьу къызбгъэдэта, нобэрей зэIущIэр къэхъуныр зэлъыта дэтхэнэми Тхьэм фигъэпсэу вжызоIэ. Си адэр зэрывгъэлъэпIам хуэдэу фи щхьэр лъапIэ хъуну сыхуейщ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Iуащхьэмахуэ лъапэ щыяпэу

**Дызэрыт илъэсым и гъатхэпэ мазэ закъуэм кънриубыдэу Iуащхьэмахуэ лъапэм зыщагъэпсэхуащ цIыху мини 103-м щIигъум. «Iуащхьэмахуэ» курортыр къызэрызэIуахрэ апхуэдэ бжыгъэхэр абы и тхыдэм щыяпэу аращ. Иджыпсту бгы лъапэм щолажьэ кIапсэ гъуэгуи 5-рэ лыжэкIэ бгыщхьэм укъыщежэх хъуным хуэщIауэ гъуэгу 23-рэ. АтIэ, 2021 - 2023 гъэхэм я гъатхэпэ мазэхэм къриубыдэу ди деж зыщызыгъэпсэхуахэм я бжыгъэр, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, мин 56-рэ, мин 58-рэ, мин 78-рэ хъуауэ аращ.**

МЫБЫ ипэкIэ щыIа рекордыр щагъэуваувэ щытар 2023 гъэм и шыщхьэуIурщ: гъуэгугъэлъагъуэхэр зиIэ, километр 30 зи кIыхьагъ экологие лъагъуэщIэхэр щыпхашам щыгъуэщ. А лъэхъэнэм Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъэпсэхуат цIыху мин 99-м.

Урысей Федерацэм ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ «Кавказ.РФ» компаниемрэ зэгъусэу 2023 гъэм ирагъэжьащ «Iуащхьэмахуэ» курортым зегъэужьыным, абы и лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, щIэм тету зэтеухуэным ехьэлIа Iуэхугъуэшхуэхэр. Псалъэм папщIэ, лыжэкIэ къыщажыхь гъуэгухэм нэмыщI, гулъытэшхуэ хуащIащ «Азау» утыкур зэIузэпэщ щIыным, ар зыхуей хуэгъэзэным, туристхэм фIагъ лъагэ зиIэ Iуэхутхьэбзэхэр ягъуэтыным, машинэ гъэувыпIэхэр къызэгъэпэщыным, нэгъуэщIхэми.

ЗэрытщIэщи, Iуащхьэмахуэ лъапэм нэхъыбэу зыIэпишэр лыжэкIэ къызэжыхьыну зыфIэфI туристхэрщ - псори зэхэту ди деж къэкIуэм и Iыхьэ щанэ мэхъу ахэр. Гуп-гуп зэрыгъэхъуауэ зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм щхьэкIэ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр къызэрагъэпэщ. Псалъэм папщIэ, кIапсэ гъуэгухэр щызэблэкI станцхэм деж теплъэ телъыджэхэр зиIэ сурэт техыпIэхэр хуагъэхьэзыращ, къуршыщхьэм зэрыдэкIуей ски-пасс билетым и пIэкIэ банкхэм я картэхэр къагъэсэбэп хунущ.

«Iуащхьэмахуэ лъапэм адэкIэ зедгъэужьын мурадкIэ, Кавказ.РФ-м и зэфIэкIыу хъуар зэуэ къызэдэдгъэсэбэпу, лэжьыгъэм яужь дихьащ икIи абы кърикIуахэр нобэ нэрылъагъущ. Ар дэркIэ егъэлея е телъыджэ гуэру щыткъым, атIэ, щхьэж къылъыс и лэжьыгъэр игъэзэщIауэ аращ, дызыпэрыхьа Iуэхугъуэм фIы къырикIуэн папщIэ» , - жиIащ Кавказ.РФ-м и унафэщI Юмшанов Андрей. - Iуащхьэмахуэ лъапэм цIыхухэр иджыри къэкIуэнущ бадзэуэгъуэр икIыху, абы къыхэкIыуи, ди лэжьыгъэм кърикIуахэр зэхэтлъхьэжыну нобэкIэ пасэIуэщ. Иджырей гъэмахуэм дытепсэлъыхьу щытмэ, Хэку зауэшхуэр щекIуэкIа щIыпIэхэм ухуэзышэ экологие лъагъуэхэр едгъэфIэкIуэнущ, цIыхухэм я тыншыпIэр къызэгъэпэщыным хуэщIа лэжьыгъэхэми пытщэнущ».

Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ, «Лэжьыгъэм и Iэужь» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ лажьэ федеральнэ центрым и IэщIагъэлIхэр 2023 гъэм и кIэхэм щегъэжьауэ «Iуащхьэмахуэ» курортым зэрыщыIэр. Абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр туристхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэнырщ.

«Мамырыгъэ» кIапсэ гъуэгум хуэзэу лыжэкIэ туристхэм къыщажыхьыну гъуэгущIэхэр къыщызэIухыным ехьэлIауэ, Кавказ.РФ-м лэжьыгъэхэр ирегъэкIуэкI. 2026 гъэм ар ирагъэжьэну я мурадщ. Iуэхум къыхашащ мылъкушхуэ зыбгъэдэлъ резиденту 8. Иджыпсту абыхэм ягъэхьэзыр хьэщIэщхэм, шхапIэхэм, нэгузегъэужьыпIэхэм я проектхэр. Псори зэхэту сом мелард 39-м щIигъу инвестицэ ахъшэу абы къыхалъхьэнущ.

Дызэрыт илъэсым и япэ мазищым къриубыдэу туристу мин 238-м Iуащхьэмахуэ лъапэм зыщагъэпсэхуащ, ар процент 24-кIэ нэхъыбэщ къапщытэж лъэхъэнэм ирихьэлIэу нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм нэхърэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**





● Футбол

## Фыдогъэблагъэ!

**Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ. «Б» дивизионым и Гуп 1.**

**ЕплIанэ джэгугъуэ**

***«Спартак-Налшык» - «Севастополь»***

***Налшык. «Спартак» стадион.***

***Мэлыжьыхьым и 13. Сыхьэт 15-м.***

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.553 • Заказыр №759

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинinfo и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А